sara II, –bara, tersarabara *v* **1** pontang-panting, **2** kocar-kacir. *Mahasiswa yang sedang berdemo ~ tersemprot gas air mata.* Mahasiswa sing lagi démonstrasi kocar-kacir kesemprot gas air mata

sarak *adj* pisah, pegat
bersarak *v* pisahan, pegatan
menyarak *v* **1** misah, megat, **2** nya
saran *n* iguh, pratikel, pituduh, pakon, wewarah, ancer-ancer, panemu, pepacuh. *Pak Lurah memberi – pentingnya pembuatan selokan di setiap rumah.* Pak Lurah mènèhi pratikel pentingé gawé got ing saben omah
menyarankan *v* ngiguhaké, *Bu Lurah ~ warga mengumpulkan dana sosial untuk keluarga yang sedang kesusahan.* Bu Lurah ngiguhaké warga ngumpulaké dana sosial kanggo keluwarga sing kesripahan.

sarana *n* **1** srana, lantaran, *Obat itu hanya sarana, yang menyembuhkan tetap Allah.* Obat kuwi mung lantaran, kabèh sing marasaké Gusti Allah. **2** sarat, pangudi, pamarsudi, pambudi daya, upaya, *Panen tahun ini tidak berhasil karena kurang ~.* Panén tahun iki ora kasil merga kurang pangudi

sarang *n* **1** susuh, petarangan, **2** kandang, *Burung itu mulai membuat – di sela-sela cabang pohon.* Manuk kuwi wiwit gawé susuh ing sela-sela pangé wit. **– burung** susuh, **– laba-laba** sawang, **– lebah** tala, **– madu** malam, **– semut** lèng
bersarang *v* **1** nyusuh. *Ada burung dara ~ di genting.* Ana dara nyusuh ing gendhèng. **2** manggon. *Gerombolan perampok itu ternyata ~ di rumah kosong di pinggir desa.* Grombolan rampok kuwi jebulé manggon ing omah suwung pinggir désa. **3** ngenani, nembus (tumrap bacokan, peluru, lsp), *Lukanya harus dioperasi karena ada peluru ~ di bahunya.* Tatuné kudu dioperasi amerga ana peluru ngenani bahuné
menyarangkan *v* némbak (tumrap bal, pusaka, lsp) *Ronaldo ~ bola di gawang lawan.* Ronaldo némbak bola ing gawang lawan

sarap I, menyarap *v*, nyarap,
sarapan *n* sarapan. *Sebelum berangkat sekolah, anak-anak sebaiknya ~ dulu.* Sadurungé mangkat sekolah, bocah-bocah luwih becik sarapan dhisik.
menyarapi *v* nyarapi

sarap II *n* larahan, rereged, uwuh, lebu, bledug
menyarap 1 *v* sumebar, **2** *a* ora aji. *Ketas-kertas ~ di halaman ikut terbawa angin.* Dluwang-dluwang sumebar ing latar katut kegawa angin

sarap, menyarap, menyarapi *v* nglèmèki, nglambari, *Ibu ~ meja itu dengan taplak meja.* Ibu nglèmèki méja kuwi karo taplak méja
sarapan *n* lèmèk, lambaran, dasar

saraséhan *n* saraséhan, simposium,
sarat *adj* abot, kebak, *Koper itu – dengan pakaian baru.* Koper kuwi kebak karo klambi anyar.
menyarati *v* ngebaki. *Kakek ~ tas hitam itu dengan mangga yang baru dipetiknya.* Simbah kakung ngebaki tas ireng kuwi karo pelem sing lagi waé diundhuh

satu *num* siji
satu-satu *adv* **1** siji baka siji, siji-siji. *~ murid-murid masuk kelas.* Siji baka siji murid-murid mlebu kelas. **2** dhéwé-dhéwé, saben. *Murid-murid pulang dengan gembira membawa hadiah ~.* Murid-murid mulih kanthi bungah nggawa hadiah dhéwé-dhéwé
bersatu *v* **1** nglumpuk, ngumpul, nyawiji, nggabung, **2** mupakat, sarujuk, *Setelah ~, perselisihan mereka akhirnya selesai.* Sawisé mupakat, regejegané wusanané rampung
menyatu *v* manunggal, nyawiji, nggabung
menyatukan, mempersatukan *v* **1** nyawijekaké, ngumpulaké, nggabungaké, *Patih Gajah Mada ~ wilayah yang tersebar di Nusantara.* Patih Gajah Mada nggabungaké tlatah sing sumebar ing Nusantara. **2** ngarah, nuju, ngancas, nyedya,
satuan *n* ukuran, takeran, *~ untuk menghitung kecepatan angin disebut knot.* Ukuran kanggo ngitung kecepetané angin arané knot.
persatuan *n* gabungan (tumrap kumpulan, raketan, lsp), pasekuton, pasarujukan, *~ ibu-ibu.* Gabungan ibu-ibu
kesatu *num* kapisan, *Buku ~ yang ia tulis berupa kumpulan cerita pendek.* Buku kapisan sing ditulis dhéwéké arupa kumpulan crita cekak
satu-satunya *adj* siji-sijiné. *~ guru yang masih naik sepeda angin adalah Omar Bakri.* Siji-sijiné guru sing isih numpak sepéda onthèl yaiku Omar Bakri

satu padu, bersatu padu *v* guyup, golong gilig. *Para warga~ menyingkirkan pohon besar yang tumbang di jalan.* Para warga golong gilig nyingkiraké wit gedhé sing rubuh ing dalan

sebab *adv* sebab, jalaran, lantaran, amarga, Dia tidak datang – adiknya sakit. Dhéwéké ora teka merga adhiné lara
menyebabkan *v* **1** ndadèkaké, nuwuhaké, **2** nglantaraké, njalaraké, *Sampah yang menyumbat selokan itu ~ banjir.* Luruhan sing nyumpel ing got kuwi njalaraké banjir.**tersebab** *v* kasebabaké,
penyebab *n* panyebab

sebar I *v* sebar, tawur, pencar, *Begitu aba-aba selesai, anak-anak saling – bersembunyi di tempat kesukaan masing-masing.* Bareng aba-abané bar, bocah-bocah pating pencar ndhelik ing panggonan senengané dhéwé- dhéwé
bersebar *v* nyebar, mencar, nawur
bersebaran *v* sumebar, *Padi itu ~ di halaman.* Gabah kuwi sumebar ing latar
menyebar, menyebarkan *v* **1** nyebar, nyiaraké, nawur, **2** mbagi-mbagi, ngirim
– **benih** ngurit, – **kabar bohong** mitenah
– **undangan** ulem-ulem
tersebar *v* kesebar, kesiar, kepencar, *Berita itu sudah ~ di mana-mana.* Kabar kuwi wis kesiar ing endi-endi
sebaran *n* sebaran
penyebar *n* **1** panyebar, tukang
nyebar, **2** piranti kanggo nyebar
penyebaran *n* panyebaran, *~ benih lele mulai dilaksanakan hari ini.* Panyebaran winih lélé lagi dilakoni dina iki

sebar II *v* semuten, gringgingen

sebut *v* sebut
menyebut *v* **1** njenengi, ngarani, *Adik ~ bonekanya Bobo.* Adik njenengi bonékané Bobo. **2** nyebut, **3** ngucapaké, **4** nyritakaké, ngomongaké, ngandhakaké
menyebutkan *v* nyebutaké, ngucapaké, ngandhakaké, ngomongaké
tersebut *v* **1** kasebut, kaomongaké, kakandhakaké, kacritakaké, **2** kondhang, misuwur, kalok, *Namanya ~ di setiap media massa.* Jenengé kondhang ing saben koran.
sebutan *n* **1** sebutan, jeneng, gelar, *~ digunakan untuk memudahkan panggilan.* Jeneng dinggo kanggo nggampangaké celukan. **2** pethikan, **3** ucapan, **4** kembang lambé
penyebut *n* **1** pamara, **2** panyebut
penyebutan *n* tumindak lan carané nyebut

secara *adv* kanthi *Hidupkan kompor itu – hati-hati.* Uripna kompor kuwi kanthi ati-ati

sederhana adj **1** prasaja, hidup -. urip prasaja. **2** sedhengan, samadya, tengah-tengah, Menjadi orang yang –. Dadi wong kuwi sing samadya. **3** gampang, Resep masakannya sangat –. Resèp masakané gampang banget

kesederhanaan n kaprasajan. ~ itu tidak berarti menyiksa diri. Kaprasajan kuwi ora ateges nyiksa awak

sedia I *v*, **1** dadi, rampung, *Setelah diperbaiki, rumah itu telah – untuk tempat tinggal.* Sakwisé didandani, omah kuwi wis dadi kanggo panggonan. **2** siyaga, sanggem, *Dokter harus selalu ~ membantu pasien.* Dokter kudu tansah siyaga mbiyantu pasién. **3** saguh, sanggup, gelem, sudi, *Dia ~ memindahkan barang-barang itu.* Dhéwéké saguh mindhahké barang-barang kuwi. **4** cawis, sumadya, *Kebetulan ibu ~ makanan di meja.* Kebeneran ibu cawis pakanan ing méja. **5** wis,

bersedia *v* **1** siyaga, **2** sumadya, *Kakak ~ membantu pekerjaan adik.* Simbak siyaga ngéwangi gawéyané adhiné

bersedia-sedia *v* cepak-cepak, tata-tata, cecawis

menyediakan, mempersediakan *v* **1** nyiapaké, nyepakaké, nyawisaké, ladèn, *Panitia ~ makan dan minum.* Panitia nyepakaké mangan lan ngombé. **2** njagani, rumeksa, nyedhiyaké

tersedia *adv* cemawis, sumadya, cumepak. *Semua kebutuhan Bapak sudah ~.* Kabèh kebutuhané Bapak wis cemawis

persediaan *n* cawisan, cepakan, leladèn, *Kalau Adik lapar, ada ~ makanan di atas meja.* Yén adik luwé, ana cawisan panganan ing dhuwur méja

penyedia *n* pramusaji, panyedhiya, juru ladi, juru leladi

kesediaan *n* kesanggupan

sedia II, sedianya *adv* **1** biyèn, mula buka, asalé, asal-usul, wiwitan, mauné, *~ yang akan membuka acara adalah Pak Lurah, tapi ternyata Pak Bupati.* Mauné sing arep mbukak acara Pak Lurah, ning jebulé Pak Bupati. **2** sabeneré, kuduné

sediakala n **1** sadurungé, Semoga dia bisa sehat seperti ~. Muga-muga dhéwéké isa pulih kaya sadurungé. **2** adv lumrahé, manuh, kulinané, padatan

sedih adj susah, sungkawa, sedhih, *Jangan mudah –.* Aja gampang susah

bersedih *v* susah, sungkawa, sedhih, trenyuh

menyedihkan *v* nyusahaké, nyedhihaké, nrenyuhaké

sedikit *adj* **1** sithik, sathithik, – *bertanya, banyak bertindak.* Sithik takon, akèh tumindak.

2 ora sepira, *Pot bunga itu cuma – yang retak.* Pot kembangé ora sepira sing benthèt
– **banyak** sithik utawa akèh,
– **demi sedikit** selot, saya suwé, sangsaya. *Uang yang dikumpulkan setiap hari ~ semakin banyak.* Duit sing dikumpulké saben dina sangsaya akèh. – **hari lagi** sedhéla manèh
sedikit-sedikit *adv* sithik-sithik. *Anak manja itu ~ menangis.* Bocah aleman kuwi sithik-sithik nangis
sedikitnya, sedikit-sedikitnya *adv* sekurang-kurangé, saora-orané, paling sithik. *~ ada seratus orang yang salat tarawih di masjid besar itu.* Paling sithik ana wong satus sing salat tarawih ing masjid gedhé kuwi

sedot *v* serot, sedhot, *– saja susu itu pelan-pelan, jangan dimuntahkan!* Serot waé susu kuwi alon-alon, aja diutahké!
menyedot *v* nyerot, nyedhot.
tersedot *v* kaserot, kasedhot,
sedotan, penyedot *n* serotan, sedhotan
penyedotan *n* panyedhotan, panyerotan
sedu I *n* mingseg-mingseg, senggruk-senggruk, senthuk-senthuk
– **sedan** *n* mingseg-mingseg, senggruk-senggruk, senthuk-senthuk
bersedu, bersedu-sedu, tersedu-sedu *v* mingseg-mingseg, senggruk-senggruk, senthuk-senthuk. *Artis itu ~ menyesali perbuatannya.* Artis kuwi mingseg-mingseg nggetuni tumindaké

sedu II *adj* sedhih, susah, sungkawa

segar adj **1** seger, Ikan yang baru diambil dari kolam terlihat –. Iwak sing lagi dijupuk saka kolam katon seger. **2** waras, séhat
bugar, – pugar waras wiris, Badannya terlihat ~. Awaké katon waras-wiris
menyegarkan v nyegeraké (tumrap tenang, anteng, séhat, kuat, lsp),

sehat adj **1** séhat, waras, mari, (tumrap awak, nalar, lsp), Semoga lekas –. Muga-muga cepet waras. **2** tertib, **3** setiti, Pemerintahan yang ~ membuat rakyatnya percaya pada pemerintah. Pemerintahan sing setiti ndadèkaké rakyaté percaya karo pemerintahé
akal, – pikiran waras, **– dan afiat, – walafiat** waras-wiris,
menyehatkan *v* nyéhataké, marasaké, *Minum madu dapat ~ tubuh.* Ngombé madu isa nyéhataké awak
penyehat n tamba, Madu dapat menjadi ~ bagi tubuh yang letih. Madu isa dadi tamba kanggo awak sing lungkrah.
kesehatan *n* kaséhatan, kuwarasan

selidik *adj* tliti, titi, tlesih

menyelidiki *v* **1** nliti, nlesih, *Polisi ~ hilangnya kayu jati.* Polisi nlesih ilangé kayu jati. nyinau kanthi temenan, **2** ngawat-awati, nelik, ngintik, dingkik, *Ada intel bersembunyi di dekat lokasi ~ orang-orang yang datang.* Ana intel ndhelik ning cedhak panggonan ngawat-awati wong-wong sing teka
penyelidik *n* **1** panlesih, panliti, pamriksa, **2** mata-pitra, telik sandi
penyelidikan *n* **1** pamriksan, panlitèn, panlesihan, **2** panylidikan, pangusutan, panglacakan. *~ tentang hilangnya kayu jati itu menemui jalan buntu.* Panlesihan perkara ilangé kayu jati kuwi nemoni dalan buntu

selimut *n* slimut, kemul
berselimut, berselimutkan *v* slimutan, kemulan, *– sarung.* kemulan sarung
menyelimuti *v* nylimuti, ngemuli, *Ibu ~ adik yang kedinginan.* Ibu ngemuli adhik sing kadhemen
menyelimutkan *v* nylimutaké, ngemulaké

selinap I *v* susup, tlusup,
menyelinap *v* **1** nyusup, nlusup, mbrobos, *Pencuri itu ~ lewat pagar belakang.* Malingé mbrobos pager mburi. **2** nglungani, ngéndha, *Bu RT datang, Bu Bangun ~ keluar.* Bu RT teka, Bu Bangun nglungani metu
menyelinapkan *v* nyelipaké, ngumpetaké, nglebokaké
penyelinapan *n* panyusupan, panlesepan

selinap II, menyelinap *v* nyisiki (tumrap iwak, lsp), ngresiki (tumrap pitik sembelihan lsp)

seling I, berseling *v* selang-seling,
menyeling, menyelingi *v* nyelingi
menyelingkan *v* nyelingaké
selingan *n* selingan, *~ lagu.* selingan tembang
penyeling *n* panyeling.

selingar, menyelingar njengèr, mlongo,

selubung *n* tutup (tumrap awak, rai, lsp), krukub, *Ada – menutupi kepalanya.* Ana krukub nutupi sirahé
berselubung *v* krukuban, tutupan (kaya déné kudhungan, selimutan, topinan, lsp), *Karena kedinginan, nelayan itu ~ sarung.* Merga kadhemen, nelayan kuwi krukuban sarung
menyelubung *v* nutup, ngrukub,
menyelubungi *v* nutupi, ngudhungi, nylimuti, ngrukubi, *Ibu itu ~ bayinya dengan kain.* Ibu kuwi nylimuti bayiné nganggo jarik
terselubung *v* ketutup, kaling-kalingan. *Jalannya ~ kabut.* Dalané ketutup pedhut

sembur *n* sembur, semprot, *– saja dengan air, kalau kotoran itu*

tidak hilang! Semprot waé karo banyu, yen regedan kuwi ora ilang
sembur-sembur *v* nyemburi, nyemproti
bersemburan *v* nyembur-nyembur, nyemprot-nyemprot, muncrat-muncrat, *Airnya ~ dari kran membasahi pakaian.* Banyuné nyembur-nyembur saka kran nelesi klambi
bersembur-semburan *v* sesemburan, sembur-semburan, semprot-semprotan, *Anak-anak~ dengan air di sungai yang jernih.* Bocah-bocah sesemburan karo banyu ing kali sing bening
menyembur *v* **1** muncrat, **2** nyembur, nyemprot, *Air itu ~ membasahi pakaian.* Banyu kuwi muncrat nelesi klambi
menyemburkan *v* nyemburaké, nyemprotaké, *Gunung Merapi ~ lava panas.* Gunung Merapi nyemburaké lava panas
tersembur *v* kasembur, kasemprot, *Teman yang ada disebelahnya ~ air juga.* Kanca sing ana sisihé kasemprot banyu uga
semburan *n* semburan, semprotan

senantiasa *adv* tansah, pijer, ora panggah. *Wajahnya – cerah.* Rainé tansah padhang

senjata n 1 senjata, gaman, pusaka, ajian, aji-aji, Panah Pasopati – Arjuna. Panah Pasopati pusakané Arjuna. **2** tanda swara (tulisan Arab)

sentuh v sénggol
bersentuhan *v* 1 sénggolan, gathuk, *Dua motor yang melaju kencang itu hampir ~.* Motor loro sing lagi mlaku banter kuwi arep sénggolan. 2 sesambungan, gegandhèngan, gegayutan, magépokan, *Jangan sampai engkau ~ dengan minuman keras.* Aja nganti kowé sesambungan karo ombèn-ombènan
menyentuh *v* **1** nyénggol, njamah, ndemèk, ndumuk, **2** njedhug, kena, kasandhung, ngenani. *Saya sama sekali tidak ~ buku itu.* Aku babar blas ora ndemèk buku kuwi
menyentuh-nyentuh *v* njamahi, ndemèki, ndumuki, *Ibu ~ badan adik yang agak panas.* Ibu ndemèki awaké adik sing rada panas
menyentuhkan *v* nyénggolaké, ndemèkaké, ndumukaké
tersentuh *v* **1** kesénggol, kedemèk, kedumuk, kejamah, **2** kesandhung, **3** trenyuh. *Hatinya mudah sekali ~.* Atiné gampang banget trenyuh
sentuhan *n* demèkan, dumukan, sénggolan
persentuhan *n* bab demèkan, bab dumukan, bab sénggolan

sering I *adj* **1** kenceng, **2** wuled, **3** kuat lan kaku

menyering *v* **1** nguntir nganggo lilin, **2** ngukuhaké tenunan

sering II *adv* sok, kerep, sering, *Dia ~ datang ke rumah mertuanya.* Dhéwéké kerep teka ing omahé maratuwané **– kali** sok, kerep, sering, **sering-sering** *adv* **1** sok, kerep, sering, **2** kala-kala, *~ dia datang dengan membawa oleh-oleh.* Kala-kala dhéwéké teka karo ngawa olèh-olèh **menyeringkan** *v* ngerepaké, nyeringaké, mbalèni, mbolan-mbalèni. *Karena terlalu renggang, petani ~ jarak tanam jagungnya.* Merga kambanen, pak tani ngerepaké leté tandur jagung

sering III *adj* singset, lencir

siap *v* **1** cumawis, cumepak, samapta, samekta, sumadya, miranti, *Kalau mau makan, semua sudah – di meja.* Yén arep mangan, kabèh wis cumepak ing meja. **2** rampung, **3** siyaga, **4** teger, **5** ngrumat, **bersiap, bersiap-siap** *v* siyaga, nyawisaké, nyepakaké, nyamaptakaké, nyamektakaké, nyediakaké, cepak-cepak, tata-tata, cecawis **menyiapkan, mempersiapkan** *v* **1** nyiyagakaké, nyepakaké, *Biasanya ibu yang ~ semua kebutuhan bapak.* Biasané ibu sing nyepakaké kabèh kabutuhané bapak. **2** ngatur, mranata, **3** ngrampungi, *Urusan makanan, biar ibu-ibu RT yang ~.* Bab panganan, bèn ibu-ibu RT sing ngrampungi. **4** nganakaké, **5** ngupayakaké, nyetiaraké, ngréka daya, golèk akal, ngaba, *Koordinator ~ satu tim peneliti.* Koordinator ngupayakaké siji tim paneliti **persiapan** *n* **1** uba rampé, *~ berangkat naik haji sudah lengkap.* Uba rampé kanggo mangkat munggah haji wis lengkap. **2** jaga-jaga, *Sebagai ~, dia menyiapkan uang satu juta.* Kanggo jaga-jaga, dhéwéké nyepaké duit sayuta. cepak-cepak, tata-tata

simpan *v* simpen, *Supaya tidak hilang, – di dompet saja.* Bèn ora ilang, simpen ing dhompèt waé **menyimpan** *v* **1** nyimpen, *Ibu ~ pakaian di lemari.* Ibu nyimpen klambi ing lemari. nyinggahaké, nyingidaké, *Dia menyimpan hasil merampoknya di rumah kosong itu.* Dhéwéké nyingidaké asil ngrampoké ing omah suwung kuwi. **2** nyèlèngi (tumrap duwit), *Jaman dulu, sebagian orang ~ uang di dalam tiang bambu.* Jaman mbiyèn, ana wong nyèlèngi duit ning njero saka pring. **3** nyimpen (tumrap wewadi), *Dia bisa dipercaya ~ rahasia.* Dhéwéké isa dipercaya nyimpen wewadi. **4** nduwéni (tumrap ilmu,

kasektèn, lsp), *Diam-diam, sebenarnya dia – ilmu kebal.* Meneng-meneng, sakjané dhéwéké nduwéni ilmu kebal. **5** ngemu, isi, ngemot, *Tanah Belitung banyak ~ bahan timah.* Lemah Belitung akèh ngemu bahan timah.

menyimpankan *v* nyimpenaké, nyinggahaké, nyingidak. *Ibu ~ mainan adik.* Ibu nyinggahaké dolanané adhik

tersimpan *v* **1** kasimpen, kasinggahaké, **2** kasingidaké, **3** kamot ing njeroné, *Uangnya ~ di bank semua.* Duité kasimpen ing bank kabèh

simpanan *n* simpenan, céléngan, *Untuk ~ lebaran, Ibu menabung sehari Rp3.000.* Kanggo céléngan bada, ibu nabung sedina Rp3.000

simpul *n* bundhelan, sindhetan (tumrap tali utawa benang), *– tali itu sulit diurai.* Bundhelan taliné angèl diwudhari

menyimpul **1** *v* mbundhel, **menyimpulkan** *v* mbundheli, nyindheti, *Dia ~ tali supaya tidak terurai kembali.* Dhéwéké mbundheli tali bèn ora wudhar manèh

tersimpul *v* **1** kabundhelaké , kasindhetaké, **2** kamot

simpulan *n* **1** bundhelan, sindhetan (tumrap tali utawa benang), **2** ringkesan, dudutan

kesimpulan *n* sindhetan, dudutan (tumrap udaran, pidato, lsp), *Belum ada ~ dari pembicaraan tadi.* Durung ana sindhetan saka omongan mau

berkesimpulan *v* nyindhet, ndudut (tumrap udaran, pidato, lsp)

sirip *n* kèpèt

menyirip *v* arupa kèpèt

sosial *adj* kamasarakatan, *Masalah – lebih baik dibicarakan bersama-sama.* Bab kamasarakatan luwih becik dirembug bareng

kesosialan *n* sipat kamasarakatan

suatu *num* siji, mung siji (tumrap barang kang ora tamtu), sawijining. *– hari.* sawijining dina

bersuatu *v* manunggal

mempersuatukan *v* manunggalaké

sesuatu *pron* sawijiné (tumrap

subuh *n* subuh

subur *adj* **1** subur (tumrap tetanduran), *Tanaman jagung itu –.* Tanduran jagung kuwi subur. **2** seger (tumrap awak), *Badannya ~.* Awaké seger. **3** gembur, madhuk, mblubur, empuk, mawur (tumrap lemah), *Tanahnya ~, cocok ditanami cabe merah.* Lemahé gembur, cocok ditanduri lombok abang. **4** makmur (tumrap ndrebala, tambah maju, gedhé, kuat, lsp), *Usaha pembuatan kerupuknya semakin ~.* Usaha nggawé krupuké tambah makmur

menyuburkan *v* nyuburaké, *Kompos digunakan untuk ~ tanah.* Kompos dinggo kanggo nyuburaké lemah
penyubur *n* panyubur
penyuburan *n* panyuburan
kesuburan *n* kasuburan

suhu I *n* suhu

suhu II *n* guru (tumrap silat), pandhékar

sumber *n* **1** sumur, belik, tuk, sumber (tumrap banyu), *-- air banyak ditemukan di sini.* Tuk akèh ditemokaké ing kéné. **2** asal
bersumber *v* asalé, mula buka, kawitan, dhasar. *Cerita itu ~ dari nenek.* Crita kuwi asalé saka simbah wédok

urai *adj*, **berurai** *v* oréh, uré, ura, udhar, wudhar, lereh, uwal, morak-marik – **air mata** crocosan, dléwéran. *Dia datang dengan ~ air mata.* Dhéwéké teka karo dléwéran luhé. – **rambut** oré, rowé, rawé, krembyah, srawé

susun *n* susun, tumpuk, tumpang, *Setelah itu, – yang rapi piringnya!* Sawisé kuwi, tumpuk sing bener piringé!
menyusun *v* **1** nyusun, numpuk, *Paman ~ buku-buku di lemari.* Pak Lik numpuk buku-buku ing lemari. **2** nata, ngrakit, masang, *Ibu ~ piring-piring di rak.* Ibu nata piring-piring ning rak
menyusunkan *v* nyusunaké,
penyusun *n* panganggit, *~ buku itu dari Semarang.* Panganggit buku kuwi saka Semarang
penyusunan *n* panyusunan, (Panganggitan??)
susunan *n* susunan, anggitan,
tersusun *v* kasusun, kaanggit

T

tahu I *v* **1** weruh, ngerti, **2** kenal, wanuh, *Aku – tentang dia sejak dulu.* Aku kenal dhéwéké kawit mbiyèn. **3** paham, *Aku ~ maksudnya.* Aku paham karepé. **4** bisa, *Adik ~ mengoperasikan komputer.* Adhik bisa ngoperasikna komputer
– **adat** ngerti, sopan (tumrap omongan, pikiran, wong, lsp)
– **balas** bales budi, – **beres** meruhi rampung, *Jadi pemimpin, jangan hanya ~ beres saja.* Dadi pemimpin, aja mung meruhi rampung waé
– **huruf** melèk aksara, melèk hurup, *Meskipun tinggal di desa, dia ~ huruf .* Senajan urip ing ndesa, dhéwéké melèk aksara
– **diri** rumangsa
mengetahui *v* **1** meruhi, ngertèni, *Setelah ~ kejadian itu, dia tidak pernah lagi datang.* Sawisé meruhi kedadéyan kuwi, dhéwéké ora tau manéh teka. **2** nyumurupi, nggatèkaké, **3** mangerti
pengetahuan *n* **1** kawruh, sesurupan, **2** ngélmu, *Karena sering membaca buku, dia banyak ~.* Merga kerep maca buku, dhéwéké sugih ngélmu
berpengetahuan *v* pinter, *Jadilah orang yang ~.* Dadia wong sing pinter
ketahuan *v* **1** konangan, *Akhirnya ~ juga siapa yang mencuri kayu jati itu.* Wusanané konangan uga sapa sing nyolong kayu jati kuwi. **2** kaweruhan, **3** katon

tahu *n* tahu
– **bacem** tahu bacem, – **campur** tahu campur, – **cina** tahu cina,
– **gunting** kethoprak, – **isi** tahu susur, – **kediri** tahu kediri, – **kupat** tahu kupat, – **petis** tahu petis, – **pong** tahu pong
– **sumedang** tahu sumedang, – **susu** tahu susu, – **takwa** tahu kuning

Tali I *n* tali, tambang, tampar, dhadhung, gadhag (tumrap kéwan), *Kambing jantan itu diberi – pada lehernya.* Wedhus lanang kuwi dikalungi dhadhung ning guluné
– **air 1** kalèn, ilèn-ilèn, urung-urung, gorong-gorong, *Setelah tanah yang menyumbat dibersihkan, ~ air itu lancar sekarang.* Sawisé lemah sing nyumpel diresiki, kalèn kuwi lancar saiki. **2** pipi kusèn, **3** ili, mili,
– **api** upet
– **ari-ari**, – **pusat** tali puser, ari-ari, embing-embing, *-- ari-ari bayi itu sudah lepas.* Tali puser bayi kuwi wis copot. – **busur**, tali gendéwa, – **jiwa** gegantilan ati, – *jiwanya sekarang hanya anak perempuannya.*

Gegantilan atiné saiki mung anak wedoké
– kail senar, **– kang, kekang** kencali, **– kekerabatan** krabat, kulawarga, **– leher** dhasi, **– persaudaraan** paseduluran, **– perut** usus
bertali *v* **1** talènan
bertalian *v* gegandhèngan, gegayutan, magepokan
pertalian *n* sesambungan, *– saudara.* Sesambungan sedulur
mempertalikan *v* **1** nalèni, ngiket, njiret, nyancang, nguger, nyingseti, narik, **2** nggandhèng, nggèrèt, **3** nyambung, **4** njodhokaké, nggathukaké, nggayutaké, ngrakitaké, ngomah-omahaké,

tali II *n* tutus

tali III *n* setali, selawé sèn
tambang II *n* **1** prau, tambangan, **2** ongkos, wragad, opah
menambang *v* nambang, *Penduduk ~ emas di tepi sungai.* Para warga nambang emas ing pinggir kali
menambangkan *v* **1** nambangaké, **2** nyéwakaké (tumrap tunggangan lsp), *Banyak orang ~ kuda di tempat wisata Gunung Bromo.* Akèh wong nyéwakaké jaran ing panggonan wisata Gunung Bromo
penambang *n* tukang tambang

tambang IV *n* pathok, cancangan

tampak *v* katon, Dari jauh rumahnya sudah –. Saka adoh omahé wis katon
tampaknya *adv* kétoké, katoné, kaya, sajak, *~ ia mulai kepayahan.* Kétoké dhéwéké wiwit kekeselen
menampakkan *v* ngatonaké, ngétokaké, *Pelan-pelan paus itu ~ diri dari dalam laut.* Alon-alon paus kuwi ngatonaké awaké saka njero segara
–diri, – muka nyembul, methungul, mecungul, njedhul, muncul, ngaton, metu, mletik

tanah *n* **1** lemah, **2** bumi, tanah, **3** wewengkon, tlatah, kukuban, *– Haji Abdurahim terdapat di banyak tempat.* Lemah Haji Abdurahim ana ing akèh panggonan. **4** dharatan, **5** wilayah, negara
– adat tanah adat, **– air, – tumpah darah, – bijana** negara, bumi kalairan, tanah wutah getih, **– basah, – bendang** sawahan, **– bencah** lemah loh, **– bengkok** lemah bengkok, plungguh. *~ Pak Lurah sebentar lagi panen.* Lemah béngkok sedhéla manèh panèn, **– bera** lemah bera, *– bera di tengah kampung boleh ditanami penduduk.* Lemah bera ning tengah kampung entuk ditanduri warga. **– berumput** pasuketan, *Sapi-sapi itu berkeliaran di – berumput.* Sapi-sapi kuwi diculké ing pasuketan,

– **lapang** lapangan, *Anak-anak bermain sepak bola di ~ lapang.* Bocah-bocah dolanan bal-balan ing lapangan. **–darat** kebon (tambak, rawa lsp), – **datar**, – **daratan**, lemah rata,
– **daun**, – **mulus**, – **labu**, – **laku** humus, – **garapan**, – **hidup** lemah garapan, – **gembur** lemah mawur, – **gersang**, – **kurus** lemah cengkar, – **gundhul** ara-ara, – **kampung 1** pakarangan, **2** lemah saliyané sawah (tegalan, kebon, lsp), – **kerajaan 1** lemah kraton, *Alun-alun sebelah utara itu masih termasuk ~.* Alun-alun sisih lor kuwi isih kalebu lemah kraton. **2** lemah negara, – **kering** tegalan, pakarangan, – **tegalan**, pakarangan, – **kosong**, – **mati** kebon suwung, lemah nganggur, – **kuburan**, – **tersirah**, kuburan, pendheman, jaratan, kramatan,
– **kuripan** lemah kuripan, lemah person, – **larangan** lemah waleran, lemah pepacuh, – **leluhur** lemah leluhur, – **liat** lempung, *Keramik dibuat dari ~ liat.* Keramik digawé saka lempung. – **longsor** lemah longsor, lemah jugrug, *Banyak ~ longsor di lereng gunung karena pohon-pohon ditebangi.* Akèh lemah jugrug ing pèrèng gunung merga wit-wit ditegori
– **mampat 1** lemah padhet, lemah bangka, **2** kuburan, pendheman, jaratan, kramatan
– **mentah**, – **negara** tanah negara, – **nominal** lemah désa, – **partikelir** lemah pertikelir, – **persil** tanah séwan, *–persil dari perusahaan ditanami kopi.* Tanah séwan saka perusahaan ditanduri kopi. – **pusaka**, – **waris(an)** lemah warisan, lemah tinggalan, – **raya** jagat
– **seberang** manca, – **semenanjung** jasirah, – **suci** lemah suci, – **tinggal** omah lan kebon, – **uruk** lemah urug, – **wakaf** tanah wakap, tanah darma (kanggo gawé masjid madrasah, rumah sakit lsp), – **yasan** tanah person miturut ukum adat
bertanah *v* **1** ana lemahé, duwé palemahan, Meskipun **2** ngoyot, mbalung sungsum

tangan *n* **1** tangan,
–baju lengen klambi, – **gatal**, – **jahil** tangan jail, maéka, usil. **–hampa** ora olèh asil, ora bathi,
– **kanan** tangan tengen, wong kapercayan. *Setelah menjadi ~ kanan, dia mulai sombong.* Sawisé dadi wong kapercayan, dhéwéké dadi anggak. – **kemudi** setir, kendhali, – **kosong** tanpa gegaman. *Dia berhasil mengalahkan pencuri dengan ~.* Dhéwéké kasil ngalahaké maling ~. — **panas** sekeng,

siyal, apes, cilaka, – **terbuka 1** seneng tetulung, ènthèngan, 2 ditampa kanthi seneng. *Kapan pun saya datang, ia menerima dengan ~.* Kapan waé aku teka, dhéwéké nampa kanthi seneng

tertangani *v* rampung, kagarap, kacandhak, kacekel, *Setelah Pak Lurah datang, masalah itu dapat ~.* Sawisé Pak Lurah teka, perkara kuwi isa kagarap

tarik *v* tarik, gandhèng, gèrèd, dudut, sèrèt, – saja dengan tali.

– **muka** mbesengut, mrengut, – **suara** nembang, rengeng-rengeng, ura-ura, nglagokaké, nyindhèn, *Banyak orang terpesona mendengar ia ~.* Wong akèh kesengsem krungu dhéwéké nembang. – **tali**, – **tambang** tarik tambang, – **urat** otot-ototan, ngotot, bencerengan, srempeng, *Jangan sampai ~ membicarakan masalah itu.* Aja nganti otot-ototan ngomongké perkara kuwi.

tarik-menarik *v* tarik-tarikan, gèrèd-gèrèdan, sèrèd-sèrèdan, *Ada ~ antara besi dengan magnet.* Ana tarik-tarikan antarane wesi karo magnet

menarik *v* **1** narik, nggandhèng, nggèrèd, ndudut, nyèrèt, *Kuda ~ gerobak yang penuh sayuran.* Jaran nggèrèd grobak sing kebak janganan. **2** nengsemaké, nyenengaké, mikat, milut, méncutaké, *Pembawaannya ~ hati.* Tindak tanduké nengsemaké ati.

– **bea**, – **biaya**, – **ongkos** njaluk wragad, *Pembuatan e-ktp tanpa ~ bea.* Nggawé é-ktp tanpa njaluk wragad.

– **diri** lèngsèr, – **hati** nengsemaké ati, merak ati, – **kembali** nyabut, mbadharaké, njabal, murungaké, mbatalaké (tumrap usulan, aturan, lsp), *– kembali pengumuman itu!* Cabut pariwara kuwi!

– **langkah 1** mlangkah, mlumpat, njangkah. **2** mundur, atrèt, – **langkah seribu** mlayu, miruda, minggat (tumrap ninggalaké musuh lsp amarga wedi), *Setelah mendengar suara orang, pelan-pelan pencuri itu ~ langkah seribu.* Sawisé krungu suwara wong, alon-alon maling kuwi mlayu.

– **layar** ngebyakaké, ngebyaraké, jenggar, – **lotre**, – **undian** nglotré, – **minat** nengsemaké ati, merak ati, ambegan, *~ nafas pelan-pelan!* Ambegan alon-alon!

– **napas panjang** sesambat, ngresula, nggresah, *Dia hanya ~ setelah tahu lamarannya ditolak* Dhéwéké mung isa nggresah sawisé ngerti lamarané ditampik.

– **napas penghabisan** mati, surut, – **piutang** nagih utang

tertarik *v*, **1** ketarik, kegandhèng, kecènèng, kegèrèd, kedudut, kesèrèt, **2**

kesengsem, kepikat, kepilut, kepincut, kepranan
penarik *n* **1** pamikat, pamilut, pamencut, **2** piranti narik

telah *adv* wis, bubar, entèk, tamat, katam, lebar, rampung, tutug,
setelah *adv* sawisé, sabubaré, saentèké, satamaté, sakatamé, salebaré, sarampungé, satutugé

tentu *adj*, nyata, tetep, temtu, mesthi
menentukan *v* **1** nyatakaké, netepaké, nemtukaké, mesthèkaké, **2** mutusaké, **3** matesi
ketentuan *n* pepesthi

terima *v* tampa, olèh, entuk, pakolèh, – *saja bungkusan itu.* Tampa waé wungkusan kuwi.
–salah ngakoni salah, *Dia ~ salah karena memukul temannya.* Dhéwéké ngakoni salah, merga njotos kancané
berterima *v* katampa, kabul, sembada, kaleksanan, *Semoga oleh-olehnya ~ dengan baik* Muga-muga olèh-olèhé katampa kanti becik
menerima *v* **1** nampa, olèh, entuk, *Setelah ~ surat, dia langsung pergi.* Sawisé nampa surat, dhéwéké langsung lunga. **2** ngabulaké, nyembadani, ngleksanakaké, ngesahaké, ngresmiaké, *Semoga Allah ~ doa-doa kita.* Muga-muga Allah ngabulaké donga-donga awaké dhéwé. **3** ngalami, nglakoni, *Meskipun berat, kita harus ~ takdir ini.* Sanajan abot, awaké dhewé kudu nglakoni takdir iki. **4** nganggep, *Dia ~ ibu tiri seperti ibunya sendiri.* Dhéwéké nganggep ibu kuwalon kaya ibuné dhewé. **5** ngidinaké, ngliläni, ngentukaké, *Akhirnya pimpinan kantor ~ semua persyaratan itu.* Wusanané, pimpinan kantor ngidinaké kabèh prasyaratan kuwi. **6** mangku (tumrap pangkat lsp),
– kenyataan trima, pasrah, *Mau tidak mau, kita harus ~ kenyataan ini.* Gelem ora gelem, awaké dhewé kudu nampa kanyatan iki
menerimakan *v* nampakaké, mènèhaké
penerima *n* **1** sing nampa,
– tamu among tamu, *Siapa yang menjadi ~ tamu di depan?* Sapa sing dadi among tamu ning ngarep?
penerimaan *n* penampa, *Berapa ~ minggu ini?* Pira penampa minggu iki?

ternyata *v* jebulé, *Aku kira temanku ternyata bukan.* Tak kira kancaku jebulé ora
ternyatakan *v* bisa kanyataaké, bisa kaucapaké, bisa kaujaraké
kenyataan *n* kasunyatan. *menerima ~.* nampa kasunyatan
tetap I *v* **1** tetep, ora mingked, ora owah, panggah, ajeg, *Dari tadi dia – di situ.* Kawit

mau dhéwéké ajeg ning kana. 2 kukuh sentosa, **3** mapan, *Dia sudah memiliki penghasilan* ~. Dhéwéké wis nduwé pengasilan mapan. **4** antep, mantep, setya tuhu (tumrap kaanan, tumindak, lsp), **5** terus, mesthi, tansah, pijer, ajegan, langsung, ora kendhat, **6** salawasé, **7** kekel, langgeng, lestari,
–hati 1 tabah, teteg, tatag, teguh
menetap *v* manggon, mapan, dedunung, *Paman sudah ~ lama di Mesir.* Pak Lik wis manggon suwé ning Mesir
menetapi *v* **1** nuhoni (janji), mituhu, *Orang yang dapat dipercaya pasti ~ janji.* Wong sing kena dipercaya mesthi nuhoni janji. **2** ditetepi, ora mblénjani
menetapkan *v* **1** nyatakaké, nemtukaké, netepaké, mutusaké, *Kepala kantor ~ koordinator bidang baru.* Kepala kantor mutusaké koordiantor bidang anyar. **4** nunjuk, milih, ndadekaké, **5** neguhaké, nguwataké
penetapan *n* panglaksanan, panetepan, pangangkatan
ketetapan *n* **1** katetepan, katamtuan, pepesthèn, kaputusan, kateguhan

tetapi *p* nanging, yèn, samangsa, lamun, *Dia kaya –pelit* Dhéwéké sugih nanging medhit

tetas, menetas *v* **1** netes, *Telurnya sudah –.* Endhogé wis netes. **2** sigar, pecah
menetaskan *v* ngengremaké (tumrap endhog)

tetes I *n* tètès, *Dua – untuk mata yang merah.* Rong tètès kanggo mripat sing abang bertetesan v nètès-nètès, Darahnya ~ membasahi tanah. Getihé nelesi lemah
menetes *v* nètès, *Dari sela-sela batu itu, ~ air bening.* Saka sela-selané watu kuwi, nètès banyu bening
menetesi *v* nètèsi (tumrap banyu lsp)
meneteskan *n* nètèsaké
tetesan *v* tètèsan

tiap I *adj* **1** siji, **2** saben, angger, baka, *– kotak isinya dihitung satu-satu.* Saben kotak isiné diitung siji-siji
setiap *num* saben, angger, baka
tiap-tiap *a* saben, angger, baka

tidak *adv* ora
– apa 1 ora apa-apa, ora luput, *–apa-apa jika kamu tidak datang.* Ora apa-apa, yén kowé ora teka. **– boleh, – dapat** ora olèh, ora entuk, ora pakolèh, dipenggak, dicandhet, dipekak, diampah, *Kamu ~ boleh membeli jajan sembarangan.* Kowé ora entuk tuku jajan sapénaké. **– ke sana – ke sini** ora mihak, *Pemimpin seharusnya tegas, ~ ke sana ~ ke sini.* Pemimpin kuduné tegas, ora mihak. **– keruan 1** ora

genah, kurang ajar, *Makin hari kelakuannya makin ~.* Saya dina klakuwané saya ora genah. **2** ora mesthi, **3** banget, , **– lain dan – bukan (ialah, hanyalah)** ora liya, *-- lain -- bukan yang dulu menggendongmu waktu kecil itu nenek.* Ora liya sing mbiyèn nggéndhong kowé isih cilik kuwi simbah. **– pun** sanadyan, **– segan 1** sudi, gelem, *Meskipun kaya, Bu Sastro ~ segan belanja di pasar.* Sanadyan sugih, Bu Sastro gelem blanja ing pasar. **2** ora isin, *Dia ~ segan meminta sumbangan untuk anak yatim.* Dhéwéké ora isin njaluk sumbangan kanggo bocah yatim. **3** wani, kendel, **– segan-segan** kukuh, wani, mantep, **– urung** kudu, wajib **tidak-tidak** *adv* ora-ora, ora nalar, anèh-anèh, *Jangan berpikir yang ~.* Aja mikir sing ora-ora **setidak-tidaknya** *adv* sakurang-kurangé, sakora-orané, *~ dia mau datang menjenguk.* Sakora-orané dhéwéké gelem teka niliki **setidaknya** *adv* sakorané **tinggal** *v* **1** kèri. Nasi *yang belum terjual – satu.* Sega sing durung kadol kèri siji. **2** wasana, sing pungkasan, **3** nunggak (tumrap sekolah: ora bisa munggah kelas). *Anak Pak Udin ~ kelas lagi.* Anaké Pak Udin nunggak kelas manèh. **4** kasèp tekané, lungsé, **5** manggon, mapan, dedunung, *Kakek ~ di desa dekat gunung Muria.* Simbah kakung dedunung ing désa cedhak gunung Muria **– bersiul-siul** kari senengé, *Semua pekerjaan sudah selesai, sekarang ~.* Kabeh gawéyan wis rampung, saiki kari senengé **ketinggalan** *n* kèri, *Sepatu adik ~ di lapangan.* Sepatuné adhik kèri ning lapangan **meninggal** *v* mati, surut, modar, **meninggali** *v* **1** manggoni. *Pak Arman ~ rumah Pak Burhan.* Pak Arman manggoni omahé Pak Burhan. **2** ninggali, marisi **meninggalkan** *v* **1** ninggalaké, *Suaminya pergi hanya ~ pesan.* Bojoné lunga mung ninggalké pesen. **2** nurahaké. *Suaminya membawa semua pakaian hanya ~ satu handuk.* Bojoné nggawa kabèh klambiné mung nurahaké andhuk siji. **3** nisih, nyingkiri, ngéndhani, nglungani, **4** nglilani, ngidini, mupus, nrima (tumrap pangarep-arep, niat, lsp), **5** ngluwihi, ngungkuli, kliwat, kalangkungan, **6** nisihaké, nyingkiraké, nglirwakaké, nyepèlèkaké, ngiwakaké, **7** mbuang (tumrap adat, pakulinan awon, kapercayaan, lsp), *Dia ~ semua kebiasaan orang tuanya.* Dhéwéké mbuang kabèh pakulinan wong tuwané. **8** nglirwakaké, nglalèkaké

tertinggal n kèri, kècèr, mawut, *Koper adik masih ~ di rumah.* Koperé adik isih kèri ning omah
tinggalan *n* **1** tinggalan, tilasan, warisan, *Setelah mendapat ~, Pak Nano membeli sepeda motor.* Sawisé entuk warisan, Pak Nano tuku pit motor.**2** turahan
sepeninggal *n* **1** sawisé, **2** sapungkuré

tinggi *adj* **1** dhuwur, *– sekali pohon kelapa itu.* Dhuwur banget wit klapa kuwi. **2** unggah, 3 luhur, mulya, *Gamelan itu termasuk kebudayaan Jawa yang ~.* Gamelan kuwi kalebu kabudayan Jawa sing luhur. 4 tuwa (tumrap umur), larang (tumrap rego). *Harga rumahnya ~.* Rega omahé larang. **6** modhèrn, gagrak anyar, **7** umuk, angkuh, gumedhé, anggep, *Orang-orang menghin-dar karena bicaranya mulai ~.* Wong-wong padha nyingkir merga omongané mulai umuk
meninggi, *v* **1** munggah, *Air sungai itu ~ dengan cepat.* Banyu kaliné munggah kanti cepet. mumbul, muluk, ndhuwuri, ngluwihi, **2** muluk-muluk, *Jangan ~ kalau bicara.* Ora usah muluk-muluk yén ngomong
tertinggi *adj* onjo, paling dhuwur, *Siapa yang nilainya ~ itulah yang menang.* Sapa sing bijiné onjo yakuwi sing menang
petinggi *n* petinggi, pemimpin, *sombong* tetunggul, pandhuwur, panggedhé, pangarep, kepala désa (kampung), *Jangan ketika menjadi ~.* Aja gumedhé nalika dadi panggedhé
ketinggian *n* dhuwur, gumuk. *Ada pohon papaya tumbuh di ~.* Ana wit katès thukul ning gumuk

taat *v* taat, manut, miturut. *Budi anak yang – pada bapak ibunya.* Budi bocah sing manut karo bapak ibuné
menaati *v* nuruti (préntah, aturan, lan sapanunggalané), nglaksanani, minangkani

tabah *adj* sabar, sarèh, tatag. *Musibah itu dihadapinya dengan –.* musibah iku diadhepi kanthi tatag

tabiat *n* solah bawa, watak, sipat, budi. *– Pak Mardi memang baik.* Wataké Pak Mardi pancèn apik
bertabiat *v* duwé solah bawa, awatak, asipat, bebudi

tabib *n* tabib, dhukun, sinsé. *Penyakitnya sudah diobati – berkali-kali belum sembuh.* Penyakité wis ditambani dhukun ping bola-bali durung mari-mari

tabik *n* **1** salam (upamané kulanuwun, nuwun sèwu, lan sapanunggalané), kurmat. *Mengucapkan –.* Ngucapaké salam. **2** njaluk idin (upamané arep mlebu panggonan sing kramat)

tabir *n* tutup, geber, warana, aling-aling, sintru. *Ditutupi –.* Ditutupi geber

tabok *v,* **menabok** *v* tabok, keplak

tabrak *v* tabrak, tubruk
menabrak *v* nabrak, nubruk. *Sepedanya ~ gerobak bakso.* Pité nabrak grobak bakso
menabrakkan *v* nabrakaké, nubrukaké
penabrak *v* wong sing nabrak
tabrakan *v* tabrakan, tubrukan. *Tanpa sengaja di tikungan tadi aku ~ dengan Danu.* Ora sengaja ing pénggokan mau aku tubrukan karo Danu
tertabrak *v* ketabrak, ketubruk
bertabrakan *v* tabrakan, tubrukan. *Karena melaju kencang, bus itu – dengan truk.* Amarga banter, bus iku tabrakan karo trek

tabu *n* **1** larangan (sing ora kena dilanggar amarga bisa marakaké kuwalat), sirikan, saru. *Perkara seperti itu masih – dibicarakan.* Prakara kaya kuwi isih saru diomongaké. **2** ora ilok. *Makan di depan pintu itu –.* Mangan ing ngarep lawang kuwi ora ilok
menabukan *v* nglarang, nyirik

tabuh **1** *n* tabuh, bedhug. **2** *v* tabuh, thuthuk. *Bedhugnya di–.* Bedhugé ditabuh
menabuh *v* nabuh, nuthuk
penabuh *n* wong nabuh
tabuhan *n* tabuhan, unén-unén amarga nabuhi

menabrak *v* nabrak, nubruk. *Sepedanya ~ gerobak bakso.* Pité nabrak grobak bakso
menabrakkan *v* nabrakaké, nubrukaké
penabrak *v* wong sing nabrak
tabrakan *v* tabrakan, tubrukan. *Tanpa sengaja di tikungan tadi aku ~ dengan Danu.* Ora sengaja ing pénggokan mau aku tubrukan karo Danu
tertabrak *v* ketabrak, ketubruk.
bertabrakan *v* tabrakan, tubrukan. *Karena melaju kencang, bus itu – dengan truk.* Amarga banter, bus iku tabrakan karo trek

tabu *n* **1** larangan (sing ora kena dilanggar amarga bisa marakaké kuwalat), sirikan, saru. *Perkara seperti itu masih – dibicarakan.* Prakara kaya kuwi isih saru diomongaké. **2** ora ilok. *Makan di depan pintu itu –.* Mangan ing ngarep lawang kuwi ora ilok
menabukan *v* nglarang, nyirik

tabuh **1** *n* tabuh, bedhug. **2** *v* tabuh, thuthuk. *Bedhugnya di–.* Bedhugé ditabuh
menabuh *v* nabuh, nuthuk
penabuh *n* wong nabuh
tabuhan *n* tabuhan, unén-unén amarga nabuhi

tabung *n* bumbung, wadhah sing bentuké kaya bumbung
menabung *v* nabung, nyéléngi. *~ di bank.* Nabung ing bank

tabungan *n* cèlèngan. *–nya penuh.* Cèlèngané kebak

tabur *v* sawur, sebar
bertaburan *v* sumawur, sumebar
menabur *v* nyawur. *~ benih.* Nyawur winih
menaburi *v* nyawuri, nyebari.
menaburkan *v* nyawuraké, nyebaraké

tadah **1** *v* tadhah. *– hujan* Tadhah udan. **2** *n* wadhah *Ember itu bisa digunakan sebagai –.* Èmbèr kuwi bisa kanggo wadhah
menadah *v* nadhahi, madhahi.
penadah *n* panadhah

tadi *n* mau. *Saya sudah pulang dari –.* Aku wis mulih awit mau
tadinya *n* mauné

tafakur *v* tepekur, tapa, semédi. *– di dalam gua.* Tapa ing njero guwa

tagih *v* tagih. *Tukang – hutang.* Tukang tagih utang
menagih *v* nagih, njaluk, nuntut, ngèlingaké (tumrap janji, utang, lan sapanunggalané). *Aku mau ~ janjinya mentraktirku.* Aku arep nagih janjiné nraktir aku
penagih *n* panagih

tahak, bertahak *v* glogèken. Makannya kekenyangan sampai ~. Anggoné mangan kewaregen nganti glogèken

tahan *v* **1** tahan, cukup, sampé. *Airnya – untuk dua hari.* Banyuné cukup kanggo rong dina. **2** betah, kuwat. *Siwi – dingin.* Siwi betah adhem. **2** cegah, cegat, penggak. *– kucingnya jangan sampai masuk sini.* Cegat kucingé aja nganti mlebu kéné
– air ora bisa kerembesan banyu, kena banyu ora apa-apa. **– api** ora bisa kobong. **– banting** kuwat, ora gampang nglokro.
lama awèt
ditahan *v* **1** ditahan, dibetahaké, dikuwataké. **2** dicegah, dicegat, dipenggak. **3** dikunjara. *~ di LP Cipinang.* Dikunjara ing LP Cipinan
menahan *v* **1** nahan. *~ lapar.* Nahan ngelih. **2** nyegah, nyegat. *Tanggulnya jebol tidak bisa – air sungai masuk rumah.* Tanggulé jebol ora bisa nyegah banyu kali mlebu omah. **2** menjara, ngunjara. *KPK telah berhasil ~ beberapa koruptor.* KPK wis kasil ngunjara para koruptor
tertahan *v* **1** ketahan, kecegat, kapenggak. *Dia belum sampai di rumah karena ~ macet.* Dhèwèké durung tekan omah amarga kecegat macèt. **2** kapenjara. *Pencuri itu sudah – polisi.* Maling kuwi wis kapenjara déning polisi
tahanan *n* tahanan

tahap *n* babak, ambal, tingkat. *– pertama pembangunan jembatan sudah terlaksana.* Ambal kapisan olèhé mbangun jembatan wis kalaksanan
bertahap *v* mbaka sethithik, nganggo babak-babakan

tahapan *n* bababkan, ambalan, tingkatan
setahap *n* sababak, saambal, satingkat

tahbis *n* berkat. *Bapak Pastur memberikan* –. Rama Pastur mènèhi berkat
menahbiskan *v* mberkati, nyucèkaké

tahi *n* tai. – *kucing*. Tai kucing
– **lalat** *n* andheng-andheng

tahun *n* taun. – *ini usia saya genap dua puluh* –. Taun iki umurku genep rong puluh taun
tahunan *n* taunan
bertahun-tahun *n* tetaunan, mataun-taun. – *aku menunggumu*. Tetaunan aku ngentèni kowé

tajam *adj* **1** landhep, lancip. *Pensilnya diraut dulu supaya* –. Patloté digrénda dhisik bèn lancip. **2** jelas, cetha. *Penglihatannya masih* –. Paningalé isih cetha
menajamkan *v* nglandhepaké, ngasah. *Bapak sedang ~ pisau untuk menyembelih ayam*. Bapak lagi ngasah péso kanggo nyembelèh pitik

taji *n* jalu. – *ayam*. Jalu pitik

tajin *n* tajin. *Air* –. Banyu tajin

tajuk *n* **1** makutha. **2** irah-irahan, judhul. *Cerpen adikku ber— "Semarang-Jakarta"*. Cerkaké adhiku irah-irahané "Semarang-Jakarta"
tajuk surat *n* adangiah

tak *adv* ora. – *disangka*. Ora dinyana

takabur *adj* tekebur, gumedhé, umuk, degsura, sora. *Mentang-mentang anaknya pejabat, tingkah lakunya* –. Dumèh anak penggedhé, solah bawané degsura

takar *n* taker. *Masak nasinya lima* –. Ngliweté limang taker
menakar *v* naker
takaran *n* takeran

takhayul *n* gugon tuhon. *Jaman sekarang masih ada orang yang percaya* –. Jaman saiki isih ana uwong sing percaya gugon tuhon

takhta *n* dhampar

takjub *n* gumun. *Anak kecil sudah lincah berpidato membuat orang-orang* –. Bocah cilik wis prigel sesorah ndadekaké uwong-uwong padha gumun.
menakjubkan *v* nggumunaké. *Pemandangannya* –. Sesawangané nggumunaké

takluk *v* teluk. *Pangeran Diponegoro tidak mau – pada penjajah*. Pangéran Diponegoro ora gelem teluk karo penjajah
menaklukkan *v* nelukaké
taklukan *n* telukan

takut *adj* wedi, jirèh. *Panji tidak – ular*. Panji ora wedi ula

takzim *adj* taklim, kurmat. Salam –. Salam taklim

talas *n* tales, kimpul. *Bogor terkenal –nya*. Bogor misuwur talesé

tamak *adj* srakah, dremba. *Dia – harta*. Dhèwèké srakah bandha.

taman *n* taman

tamasya *v* piknik, pesiyar, pariwisata. *Liburan ini saya – ke pantai.* Prèian iki aku piknik ing panté

tamat *v* rampung, entèk, katam. *Ira sudah membaca novel itu hingga –.* Ira uwis maca novèl kuwi nganti rampung
menamatkan *v* ngrampungaké, ngentèkaké, ngatamaké. *Dalam seminggu dia sudah ~ Alquran 30 juz.* Sajroning seminggu dhèwèké wis ngatamaké Alquran 30 juz

tambah *v* tambah, wuwuh, mundhak, imbuh. *Sudah diberi banyak masih minta –.* Uwis diwènèhi akèh isih njaluk imbuh
menambah *v* nambah, ngimbuh
menambahi *v* nambahi, ngimbuhi
menambahkan *v* nambahaké, ngimbuhaké
tambahan *v* tambahan, imbuhan

tambak *n* tambak

tambat *v* kencang, cancang. — *pada tiang.* Kencang ing cagak
menambat, menambatkan *v* ngencang, nyancang. *~ dengan tambang supaya kuat.* Nyancang nganggo tambang bèn kuwat
tertambat *v* kekencang, kecancang. *Hatinya sudah ~ pada gadis cantik itu.* Atiné wis kecancang déning kenya ayu kuwi
tambatan *n* cancangan
~ hati *n* pacangan. *Ayu sekarang sudah mempunyai ~.* Ayu saiki uwis duwé pacangan

tampan *adj* bagus, nggantheng. *Menjadi bintang film tidak harus – wajahnya.* Dadi bintang pilem ora kudu nggantheng rupané

tampang *n* rai, rupa

tampar *v* kampleng, tapuk, keplak, tamplèk. *Tanpa sengaja wajahnya ter– temannya.* Ora sengaja rainé ketamplèk kancané
menampar *v* ngeplak, napuk. *Kejadian memalukan itu sudah ~mukanya.* Kedadéan sing mirangaké kuwi wis napuk rainé
tamparan *n* keplakan, tapukan. *~mu keras sekali.* Keplakanmu seru banget
bertampar-tamparan *v* keplak-keplakan, tapuk-tapukan. *Dua anak itu ~ memperebutkan mangga.* Bocah loro kaé keplak-keplakan rebutan pelem

tamu *n* dhayoh, tamu. *Malam-malam kedatangan –.* Bengi-bengi ketekan dhayoh
ketamuan *v* kedhayohan, ketamon

tanak **1** *v* liwet, **2** *adj* tanek, mateng. *Nasinya sudah –.* Segané wis tanek
menanak *v* ngliwet, adang. *Mbak Sri sedang ~ nasi di*

dapur. Mbak Sri lagi ngliwet sega ing pawon.

tanam *v* tandur. *Sekarang sudah waktu –.* Saiki wis mangsa tandur
menanam *v* nandur. *Petani ~ padi.* Pak tani nandur pari
menanamkan *v* nanduraké. *Bapak diminta ~ pohon mangga tetanggaku.* Bapak disuwun nanduraké wit pelem tanggaku
tanaman *n* tanduran. *–nya subur-subur.* Tandurané subur-subur

tanda *n* tandha, tenger. *Stempel itu bisa dijadikan –.* Stèmpel kuwi kena kanggo tenger
– tangan *n* tandha tangan, tèken. *Saya perlu ~ Kepala.* Aku prelu tèken Kepala

tandan *n* tundhun. *Ada dua – pisang yang sudah matang.* Ana gedhang rong tundhun sing wis mateng

tandang, bertandang *v* merdhayoh, mertamu. *Ia sedang ~ ke rumah temannya.* Dhèwèké lagi merdhayoh menyang omahé kancané

tante *n* bulik, bibi. *–ku menikah bulan lalu.* Bulikku dadi mantèn sasi kepungkur

tanya *v* takon. *Kalau tidak tahu, – kakakmu.* Yèn ora ngerti, takon mbakyumu

taoge *n* thokolan, cambah

tapa *v* tapa, semèdi. *Gua sering digunakan untuk –.* Guwa kerep dienggo semèdi

tapai *n* tapé. *Setiap hari Bu Titi membuat –.* Saben dina Bu Titi nggawé tapé

tiup *v* **1** sebul, damu. **2** sembur (sebul nanging sipaté seru, akèh, utawa gedhé). *Anak kecil itu di— air mantra oleh Dukun.* Bocah cilik kuwi disembur banyu jampi-jampi déning dhukun
bertiup *v* sumribit, midid, sumilir (tumrap angin). *Anginnya ~.* Anginé sumribit
meniup *v* **1** nyebul, ndamu. *Ia ~ minumannya supaya dingin.* Dhèwèké ndamu wédangé supaya adhem. **2** nyemprit (tumrap suling, sempritan). **3** nyembur
meniup-niup *v* nyebuli, ndamoni. *Bulik Siti ~ bara api dengan semprong supaya apinya besar.* Lék Siti nyebuli mawa nganggo semprong supaya geniné gedhé
tertiup *v* kasebul, kadamu, kasembur
tiupan *n* sebulan. *~mu kuat sehingga balonnya menjadi besar. Sebulanmu kuwat mula plendhungané dadi gedhé*

tuang *v* iling, sok, cur (tumrap barang cuwèr)
menuang *v* **1** ngiling, ngesok, ngecong (tumrap barang cuwèr). Ibu *~ air panas ke dalam termos!* Ibu ngiling banyu panas ing termos! **2** nglebur, nyithak (tumrap wesi, timbel, emas, lsp). *Pak Tono ~ besi dalam*

cetakan. Pak Tono nglebur wesi ing cithakan

menuangi *v* ngilingi, ngesoki, ngecuri

menuangkan *v* ngilingaké, ngesokaké, ngecuraké, ngisikaké

tuju *v*, **tujuan** *n* **1** arah, angkah, tuju, ener. *Sebelum pergi, kamu harus tahu ~.* Sadurungé lunga, kowé kudu ngerti arah. **2** maksud, karep, ancas. *–mu datang ke sini mau apa?* Karepmu teka mréné arep apa? **3** pangarah, jurusan, panjangka, paran, purug. *Aku kuliah di Jurusan Bahasa Jawa karena memiliki ~ melestarikan kebudayaan Jawa.* Aku kuliah ing Jurusan Basa Jawa amarga duwé panjangka nguri-uri kabudayan Jawa

menuju, *v* ngarah, ngener, tumuju, menyang. *Aku sedang menuju ke rumahnya ketika berpapasan di jalan.* Aku lagi tumuju ing omahé nalika pethukan ing ndalan

menujukan *v* **1** ngarahaké, nujokaké. *Penjahat itu ~ pistolnya ke arah polisi.* Penjahat iku ngarahaké pistolé ing polisi. **2** ngalamataké, nekakaké, mènèhaké. *Bapak Kepala Desa ~ surat ini kepada Pemda.* Pak Lurah nujoaké surat iki kanggo Pèmda

tertuju *v* kaarah, kaangkah, katuju, kaener. *Alamat yang ~ sudah benar.* Alamat sing katuju wis bener

setuju *v* mupakat, sarujuk, sarembug, gathuk, mathuk, cocog, pas, trep. *Dia ~ dengan keinginanmu.* Dhèwèké sarujuk karo karepmu

persetujuan *n* tujuprana, réna, karénan

menyetujui *v* nyetujoni, nyarujuki, ngidini, nampa, ngolèhaké, ngéntukaké. *Bapak – keinginanku.* Bapak nyetujoni karepku

tukang *n* tukang. *– mencuci pakaian.* Tukang ngumbah klambi

– batu jlagra, **– jahit** gerji, **– koran** loper koran, **– kuda** pekathik, gamel, **– masak di kraton** juru madharan, **– memainkan gamelan** niyaga, wiyaga, **– membuat sarung keris** wranggi, **– menanak nasi** juru adang, **– menebang kayu** blandhong, **– menyembelih** jagal, **– sunat** bong supit

menukang, menukangi *v* nukang, nukangi. *Pekerjaannya ~.* Gawéané nukang

tukar *v* **1** ijol, liru, sulih, genti. *Saya mau – uang.* Aku arep ijol dhuwit. **2** salin (tumrap klambi, wulu, kulit, lsp). *Sepulang kerja saya langsung – baju.* Bali kerja aku langsung salin klambi

bertukar *v* salin (tumrap klambi, wulu, kulit, lsp), ganti, ngalih, ijolan. *Sampai di terminal aku ~ tempat duduk dengannya.* Tekan

terminal aku ijolan kursi karo dhèwèké

tukar-menukar *v* ijol-ijolan, liron, genti-gentèn, genta-genti. *Dalam acara kelulusan sekolah kami – kenang-kenangan.* Ing acara kelulusan sekolah awak dhéwé ijol-ijolan kenang-kenangan

menukar *v* ngijoli, ngganti, nggenti, nyulih, ngalih. *Mbak Nita ~ bukuku dengan yang baru.* Mbak Nita ngijoli bukuku karo sing anyar

menukarkan *v* ngijolaké, nglirokaké. *Saya harus ~ penggaris ini dengan yang lebih panjang.* Aku kudu nglirokaké garisan iki karo sing luwih dawa

tertukar *v* kijolan, kaliru. *Sepatuku ~ dengan punya adikku.* Sepatuku kijolan karo nggoné adhiku

tumbuh *v* **1** tuwuh, thukul, thungul, mecungul, semi, trubus. *Biji pohon sawoku sudah –.* Wiji wit sawoku wis thukul. **2** megar, njenggar, mundhak gedhé, mekrok. *Bunga mawarku sudah mulai –.* Kembang mawarku wis mulai megar

menumbuhkan *v* **1** nuwuhaké, nguripaké, nukulaké, nungulaké, nyemikaké, nrubusaké, mecungulaké. *Kakakku ingin ~ jenggot.* Kangmasku pingin nuwuhaké jenggot. **2** ngrumati, ngopèni, ngrukti

tumbuhan *n* **1** wit-witan, tanduran, tuwuhan. *Semangka termasuk ~ menjalar.* Semangka klebu tanduran pala kesimpar

tumpang *v* **1** tumpang, sungsun, tumpuk, tindhih. **2** tunggang.

menumpang *v* **1** tumumpang, numpang, nindhih. *~ hidup* numpang urip. **2** nunggang, numpak, nunut, mèlu.. *Berangkat sekolah saya ~ bis.* Mangkat sekolah aku nunggang bis

menumpangi *v* numpangi, nunuti, nunggangi, numpaki, nindhihi. *Tas ranselnya ~ koperku.* Tas ranselé numpangi tasku

menumpangkan *v* **1** numpangaké, nindhihaké, numpakaké, nunggangaké. *Bulik Siti – ceret di atas kompor.* Lék Siti numpangaké cèrèt ing ndhuwur kompor. **2** nunutaké, ngatutaké, ngelukaké, momotaké. *Pak Dodi ~ semua perabot rumahnya ke dalam truk.* Pak Dodi momotaké kabèh perkakas omahé nang trek

tumpangan *n* **1** momotan. **2** tumpakan, tunggangan. **3** pondhokan, penginepan, omah séwan, dunungan, pos. *Hari sudah malam, beruntung kami mendapat ~.* Wis bengi, untung awaké dhéwé éntuk pondhokan

penumpang *n* penumpang, wong sing nunggang, wong sing nunut

– **tindih** *v* tumpang-tindhih, tumpang-tumpangan, tumpak-tumpakan, tumpuk undhung, tumpuk-tumpukan, tetumpukan, tumpang suh

tunjuk *v* **1** patah, tuduh, dhapuk, pitaya, pakon. *Saya di– jadi ketua dalam kegiatan itu.* Aku didhapuk dadi ketua kegiatan kuwi. **2** tuding, acung-acung, wewarah. **2** driji panuduh
– **diri**, – **muka** ngenalaké, manuhaké, nepungi. – **hidung** nuding
menunjuk *v* **1** ndhapuk, mitaya, akon. **2** nuding, nuduh. **3** ngacung
tunjuk-menunjuk *v* **1** tuding-tudingan, acung-acungan. **2** tuduh-tuduhan, aran-aranan, ndakwa, nérka, nyalah-nyalahaké
menunjukkan *v* **1** nudingaké, nuduhaké, nyatakaké, nengeraké, nerangaké, nyethakaké, nggamblangaké. **2** meruhi, awèh weruh, nuduhi, ngertèkaké, nuturi, marahi, muruki, mituduhi, ngomongi, ngandhani
– **diri**, – **muka** ngenalaké, manuhaké, nepungi
pertunjukan *n* **1** tontonan. *Besok ada ~ wayang di Balai Desa.* Sesuk arep ana tontonan wayang ing Balai Désa. **2** paméran (tumrap sunggingan, barang, lsp)
mempertunjukkan *v* **1** nontonaké. **2** mamèraké (tumrap sunggingan, barang, lsp)
petunjuk *n* **1** ancer-ancer, tengeran, tetenger, tandha, ciri. *Saya sudah diberi ~ alamat rumahnya.* Aku wis diwènèhi ancer-ancer alamat omahé. **2** pituduh, pitutur, ajaran, wulangan, tuntunan, ilham, wisiking Allah, wangsit, piweling. *Bérdoalah supaya mendapat ~ dari Tuhan.* Ndongaa supaya éntuk pituduh saka Gusti Allah

turun I *v* **1** mudhun, mlorot, tumedhak. – *dari bis kepalaku pusing*. Mudhun saka bis sirahku nggliyeng. **2** meneb. *Didiamkan supaya ampasnya –.* Dinengaké supaya ampasé meneb. **3** suda (tumrap banyu), surut. **4** sarèh, lerem, lilih. *Setelah beberapa saat, emosinya –.* Sauntara, émosiné lerem. **5** angslup, silep, surup, serep (tumrap srengéngé, rembulan). *Mataharinya sudah –.* Srengéngéné wis angslup. **6** kurang, suda, kalong, susut. *Karena sakit, berat badanku –.* Amarga lara, bobotku susut. **7** anjlog, medhun, mudhun, suda, mlorot, mrosot (tumrap reregan, biji, aji, lsp). *Semester ini nilaiku –.* Semester iki bijiku mlorot. **8** tiba, ngudhuni. **9** sarasilah, tumurun, lumantar, tumular, gumanti. *Ilmu kesaktiannya – pada anaknya.* Ilmu

kasektèné tumurun ing anaké. **10** lemes, angluh, lungkrah, nglumpruk, loyo, aras-arasen

turun-temurun *v* turun-temurun, sarasilah, tumurun, lumantar, tumular, gumanti

menurun *v* **1** ndronjong, miring, ora methok, ora jejeg, rada nisih, ora ndeder. *Jalannya* –. Dalané ndronjong. **2** mudhun. **3** suda, mlorod, mrosot, kalong, susut. *Hasil panennya* ~. Kasil panèné suda. **4** nandhangi, nemahi, tinggalan, tilasan, warisan, patinggal (tumrap lelara)

menuruni *v* ngudhuni, ndronjongi

menurunkan *v* **1** ngedhunaké, ngetokaké, mbongkar, ndhudhah, mbukak (tumrap momotan). *Budhé ~ barang belanjaannya dari motor.* Budhé ngedhunaké barang blonjoané saka motor. **2** nyèndhèkaké, nisthakaké, nginakaké, ngasoraké, ngudhunaké, mawas ina (tumrap drajat, pangkat), ngrèmèhaké, nyepèlèkaké, nganjlogaké, nyudakaké, nglorodaké, mrosotaké (tumrap reregan, biji, aji, lsp). *Pemberitaan itu ~ citranya.* Pambiwara iku nginakaké citrané. **3** nganakaké, nerahaké, numurunaké, nglumantaraké, nggumantikaké, ninggalaké, marisaké. **4** angon, ngulat-ulataké, ngawasi, ngawat-awati, njaga (tumrap raja kaya). **5** mènèhaké, sabda, ajaran, pitutur, wulangan, tuntunan, pituduh, ilham, wangsit, piweling, welingan, kethikan. **6** ngelokaké, milih (tumrap dolan, tilik, sanja, mertamu, ndhayohi)

turunan *n* **1** turunan, dhun-dhunan. **2** pindhahan, salinan. **3** anjlog, medhun, mudhun. **4** tinggalan, tilasan

keturunan *n* **1** anak putu, turunan, pranakan (tumrap kéwan). *Dia ~ darah biru.* Dhèwèké turunan ningrat. **2** tumurun, sarasilah, lumantar, tumular, gumanti

Turun II, menurun *v* nyalin, nurun, niru, nuladha, nyonto, mola. *Kakak perempuanku sedang ~ pola batik ke atas kain.* Mbakyuku lagi nyalin pola batik ing bakal

tutup *n* tutup, ineb, aling-aling, slintru, sintru, wates, pepet, tudhung, sumpet, sumpel, bunton. – *ember ini hilang.* Tutup èmbèr iki ilang

– **kantor** **1** bubar, rampung (jam kantor). **2** prèi, libur, ngaso, lowong. – **buku** tutup buku (tumrap traju untung-rugi akhir taun)

menutup *v* **1** nutup, ngunci, mineb. *Pintunya bisa ~ sendiri.* Lawangé bisa mineb dhéwé

– **diri** ndhéwé, ngijèn. *Di sekolah anak itu selalu ~.* Ing sekolahan bocah kuwi senengané ndhéwé

– **mata** **1** merem. **2** mati. – **meja** cawis mangan. – **mulut** meneng, mingkem, klakep. *Setiap ditanya dia selalu ~.* Saben ditakoni dhèwèké mesthi klakep. – **riwayat** nglalu. – **tangan** pelit, medhit, cethil

menutupi *v* **1** ngrapeti. *Ia ~ pagar rumahnya dengan seng.* Dhèwèké ngrapeti pager omahé nganggo sèng. **2** ngudhungi, ngemuli. *Aku ~ badanku dengan jaket supaya tidak kedinginan.* Aku ngemuli awakku nganggo jakèt bèn ora kadhemen. **3** ngaling-alingi, matesi, mepeti, nyumpeti, nyumpeli, mbuntoni, ngadhangi, nyegati, numpuki, nandhoni, nandhegi. *Kau ~ pandanganku.* Kowé ngaling-alingi. **4** ngurungi, ngrangkèng, ngukum, ngunjara. **5** nyukupi (tumrap ongkos, kekurangan, lsp). *Sejak ayahnya meninggal, kakak lelakinya ~ semua kebutuhan adik-adiknya.* Sawisé bapaké sèda, kangmasé nyukupi kabèh kebutuhané adhi-adhiné. **6** ngumpetaké, ndhelikaké, nyingidaké. *Ia ~ perkawinan sirinya dengan istri kedua.* Dhèwèké ngumpetaké perkawinan siriné karo bojo kapindho. **7** nglunasi, ngesahi, ngrampungi (tumrap utang). *Pak Sono yang kaya raya ~ semua hutang-hutang adiknya.* Pak Sono sing sugih banget nglunasi kabèh utang-utangé adhiné

menutupkan *v* nutupaké, nguncèkaké, ngrapetaké, nginebaké, ngudhungaké, nylimutaké, ngaling-alingaké, matesaké, mèpètaké, nyumpetaké, nyumpelaké, mbuntonaké, ngadhangaké

tutupan *n* **1** tutupan, dudutan (tumrap udaran, pidato, lsp). **2** kunjara, bluwen

tertutup *v* ketutup, kekunci, kérapétén, kaineban, keslimutan, kalingan, kepepetan, kesumpetan, kesumpelan, kabuntonan, kadhangan, kecegatan

U

uak I *n* uwo, siwo, pakdhé/budhé

uak II *n* owèk, suara kebo
menguak *v* ngowèk. Kerbaunya ~. Keboné ngowèk

uang *n* dhuwit. *Gajian masih lama, tetapi sudah tidak punya* –. Bayaran isih suwé, nanging wis ora duwé dhuwit
– **logam** *n* dhuwit receh, dhuwit krincing, dhuwit cring. – **belanja** *n* dhuwit blanja, – **kertas** *n* dhuwit kértas, – **saku** *n* dhuwit sangu, – **muka** n persekot

uap I *n* uwab (tumrap banyu sing digodog), kukus, kebul. – *air*. Uwab banyu
menguap *v* **1** nguwab, ngukus, ngébul, umub, kemebul. *Airnya sudah* –. Banyuné wis umub. **2** ilang, musna
menguapi *v* nguwabi, ngukusi, ngebuli
menguapkan *v* **1** nguwabaké, ngukusaké, ngebulaké. **2** ngilangaké, musnahaké

Uap II, menguap *v* angop, klakepan. *Jika ~, tandanya sudah méngantuk*. Yén angop, tandhané wis ngantuk

uar, uar-uar *n* uwar-uwar, wara-wara, pambiwara

ubah, berubah *v* **1** béda, gèsèh, liya, séjé, sulaya. *Kuhitung dua kali, jumlahnya* ~. Wis takétung ping pindho, jumlahé gèsèh. **2** owah, liru, ijol. *Rak buku itu sudah kususun rapi, jangan di~*. Rak buku kuwi wis taktata kanthi rajin, aja diowahi. **3** genti, sulih, malih
– **akal**, – **ingatan** **1** édan, gendheng, ilang pikirané, gemblung, kenthir, kenyut, mènyèng. *Pak Tua itu ~ sejak kalah dalam pilihan lurah*. Wong tuwa kuwi édan sawisé kalah pilihan lurah. – **pikiran** owah, génti, sulih, malih (tumrap pikiran, tujuan, arah, lsp). – **mulut** nglirwakaké, selak, mukir, ora nuhoni, méncla-ménclé. –**pendirian** léda-lédé, sembrana, leléda, leléwa, saradan. – **setia** setya, susetya, setya tuhu, nuhoni, mituhu, nurut, patuh, manut
berubah-ubah *v* molah-malih, tansah owah, ora ajeg, kléra-kléru, gésah-géséh. *Kalau mempunyai keinginan, jangan* ~. Yén nduwé pepénginan, aja molah-malih
mengubah *v* **1** mbédakaké, nggéséhaké, ngliyakaké, nyéjékaké. **2** ngowahi, nglironi, ngijoli. *Dia ~ letak perabot*. Dhèwèké ngowahi panggonan prabot. **3** nggantékaké, nyulihaké, malihaké
mengubahkan, memperubahkan *v* **1** ngowahaké, malihaké (tumrap wong liya). **2** mbédakaké, nggèsèhaké, ngliyakaké, nyéjékaké, ngowahaké, nglirukaké,

ngijolaké, nggentèkaké, nyulihaké (tumrap wong liya)
terubah *v* kaubah, kagenti
ubahan *n* owahan, malihan
perubahan *n* owah-owahan, gèsèh, liya, séjé, owah, liru, ijol, genti, sulih, malih
pengubah *n* pangowah-owah, pangowah
pengubahan *n* pangowahan, panggèsèhan, pambédan, panyulihan, pamalihan

uban *n* uwan. *Karena salah menggunakan shampo, rambutku jadi banyak –nya.* Amarga kliru nganggo sampo, rambutku dadi akèh uwané
beruban *v* **ubanan** *n* uwanen. *Masih muda sudah ~.* Isih enom wis uwanen
menguban *v* nguwan

ubi *n* téla, téla rambat

ubin *n* tègel

ucap *n* ucap, omong, celathu
mengucapkan *v* ngucapaké, ngomongaké, nyelathu. *~terima kasih.* Ngucapaké matur nuwun
terucapkan *v* kaucapaké, kaomongaké, kacelathukaké
ucapan *n* ucapan, pocapan, pacelathon. *~nya tidak bisa dipercaya.* Pocapané ora bisa digugu

udang *n* urang

udara n hawa. Menghirup – segar. Ngirup hawa seger.
mengudara *v* **1** mabur. *Pesawatnya ~.* Pesawaté mabur. **2** siyaran
mengudarakan *v* **1** ngaburaké. **2** nyiyaraké. *Mas Ardi ~ program Siaran Bahasa Jawa.* Mas Ardi nyiyaraké program giyaran Basa Jawa

udik *n* désa, dhusun. *Orang –.* Wong ndésa

ujar n ujar, gunem, jaré
berujar v ngujaraké, nggunem

ujaran n ujaran, guneman

ujung n pucuk

ukir v ukir, tatah. Pak Manto tukang – kaligrafi. Pak Manto tukang ukir kaligrafi
mengukir *v* ngukir, natah
mengukirkan *v* ngukiraké, natahaké
pengukir *n* pangukir, panatah
ukiran *n* ukiran, tatahan. *~nya halus.* Tatahané alus

ukur *n* **1** ukur, murwat, pangajiné, **2** patut, pantes, becik, prayoga, salaras, layak, mesthi
berukuran *v* ukurané, murwatan
mengukur *v* **1** ngukur, ukur-ukur. *Pakdhé ~ tanah yang akan dipondasi.* Pakdhé ngukur-ukur lemah sing arep dipondasi, **2** nandhingaké, mbabagaké, ngétung, naksir, ngira, nodhi, neter, nguji, nyoba, njajal. *Pelatih ~ kemampuan pemain satu dengan pemain yang lain.* Pelatih nandhingaké kekuwatan pemain siji lan sijiné
ukuran *n* ukuran

terukur *v* kaukur
pengukuran *n* pangukuran
seukur *adj* saukur, murwat, timbang, pangajin

ulang, ulangi *v* bali, balèni. *Sudah pernah jatuh masih di~.* Wis tau tiba isih dibalèni
berulang *v* bola-bali
berulang-ulang *v* bola-bali. *Pencurian itu sudah ~.* Kemalingané wis ping bola-bali
mengulang *v* mbalèni. *Adikku rajin ~ pelajaran sekolah.* Adhiku rajin mbalèni wulangan sekolah
mengulang-ulang *v* mbolan-mbalèni. *~ supaya hafal.* Mbolan-mbalèni bèn apal
mengulangi *v* mbalèni
ulangan *n* ulangan, gladhèn

ular *n* ula

ulat n uler

ulet adj wuled. Talinya –, tidak gampang putus. Taliné wuled, ora gampang pedhot

ulur v ulur, ulung
mengulur *v* ngulur, molor. *Acaranya sampai siang karena panitia sengaja ~ waktu.* Acarané nganti awan amarga panitia sengaja ngulur wektu
mengulurkan *v* nguluraké, ngulungaké. *~ uang kembalian.* Ngulungaké susuk
mengulur-ulur *v* ngulur-ulur, ngolor-olor, ndawakaké. *~ benang.* Ngolor-olor bolah
uluran *v* uluran, ulungan
–tangan menèhi pitulungan

umpat *n* pisuh
mengumpat *v* misuh
umpatan *n* pisuhan

umum *adj* **1** umum, jembar, amba, kabeh. **2** lumrah, **3** rata, **4** sumrambah
(pada) umumnya umumé. *~ jam satu malam orang-orang sudah tidur.* Umumé jam siji bengi wong-wong wis padha turu
mengumumkan *v* ngumumaké, mbiwarakaké, wewara. *Pak Sekdes ~ akan ada pembagian sembako gratis.* Pak Carik ngumumaké arep ana panduman sembako gratis
pengumuman *n* wara-wara, pambiwara, pengumuman. *Ada ~ kerja bakti di kelurahan.* Ana wara-wara gugur gunung ing kelurahan
seumumnya *adv* **1** saumumé, sakabèhé, rata. **2** umumé, lumrahé

umur *n* umur
seumur, seumuran *n* sepantar, sepantaran. *Ratna dan Galih ~.* Ratna lan Galih sepantaran

unggas *n* iwèn

untai *n* roncé, unting, rèntèng. *Dia memakai kalung tiga –.* Dhèwèké nganggo kalong telung rèntèng
untaian *n* reroncèn, untingan, rèntèngan. *~ bunga melati.* Reroncèn kembang mlati

menguntai *v* ngroncé, nguntingi, ngrèntèng
seuntai *num* saroncé, saunting, sarèntèng. *Petainya ~ seribu rupiah.* Peténé saunting sèwu

untuk *p* kanggo, tumrap. *Surat – Mas Bardi.* Surat kanggo Mas Bardi

untung *n* bathi. *Mbak Suti – banyak dari dagangannya.* Mbak Suti bathi akèh saka dodolané

beruntung *v* mujur, beja. *Pak Untung memang~.* Pak Untung pancèn beja

upah *n* opah

mengupah *v* ngopahi

upaya *n* upaya, usaha, ihtiyar, pambudi daya, pangudi, pamarsudi, réka daya. *Sudah semua ~ dilakukan.* Wis kabèh réka daya ditindakaké
berupaya *v* setiyar, ngupaya, ngréka daya. *Bapak ibunya ~ keras untuk menyekolahkannya.* Bapak ibuné setiyar tenanan kanggo nyekolahaké dhèwèké
mengupayakan *v* **1** ngupayakaké, ngusahakaké, nyetiyaraké, **2** ngrerigenaké, mratikelaké, ngiguhaké

urai *v* orèh, andhar, lantrah, jlèntrèh, bèbèr
mengurai *v* ngorèh, ngandhar, nglantrah, njlèntrèh, mbèbèr
menguraikan *v* ngorèhaké, njlèntrèhaké, ngandharaké, mbèbèraké. *Pakdhe senang menguraikan masalah wayang.* Pakdhé seneng mbèbèraké bab wayang
terurai *v* **1** wudhar, ucul. *Sanggulnya ~.* Sanggulé ucu, **2** gamblang
uraian *n* katrangan, andharan, bébéran. *~ Pak Husni sangat jelas.* Andharané Pak Husni cetha banget

urat *n* otot

urut I *adj* **1** urut, runtut. *Nomornya – dari satu sampai sepuluh.* Nomeré urut saka siji tekan sepuluh, **2** lurus. *Barisannya tidak –.* Barisané ora lurus

urutan *n* urutan

Urut II *v* urut, pijet. *Badan terasa ringan setelah –.* Awak rasané ènthèng sawisé pijet

mengurut *v* ngurut, mijet. *Mbok Parmi pintar ~.* Mbok Parmi pinter ngurut

usaha *n* **1** upaya, setiyar, pambudi daya, pangudi, pamarsudi. *– mengobatkan anaknya sudah sampai ke mana-mana.* Upaya nambakaké anaké wis tekan ngendi-ngendi. **2** pagawéan, pakaryan. *–nya menerima jahitan. Pakaryané nampa jaitan.* **3** dagang, dodolan
berusaha *v* mbudi daya. *Dia sudah ~ sungguh-sungguh untuk bisa lulus.* Dhèwèké wis mbudi daya kanthi temen supaya bisa lulus.
mengusahakan *v* **1** ngupayakaké, nyetiyaraké, ngréka daya, **2** nggarap (sawah, tegalan, lsp),

3 ngrumati, ngopèni, ngrukti, ngurusi, ngatur, **4** nggawé, ngatur, ngecakaké, nglakokaké

usap *v* usap, ulap, séka. *Sapu* **tangannya** *untuk – air mata.* Kacuné kanggo ulap luh
mengusap *v* ngusap, ngelap, nyéka. *Dia ~keringat dengan handuk.* Dhèwèké ngelap kringet nganggo andhuk

usir *v* tundhung, gusah
mengusir *v* nundhung, nggusah. *Aku ~ ayam dari pekarangan.* Aku nggusah pitik saka pakarangan
terusir *v* katundhung, kagusah

utama *adj* **1** utama, baku. *Yang – anak-anak bisa sekolah.* Sing baku bocah-bocah bisa padha sekolah, **2** apik, becik, **3** penting, pokok
mengutamakan *v* ngutamakaké, ndhisikaké, mentingaké. *Dia ~ adik perempuannya.* Dheweké mentingaké adhiné wédok
terutama *adj* paling utama, paling penting, utamané
keutamaan *n* **1** kautaman, **2** kawicaksanan, kabecikan

utang *n* utang. *– harus dibayar.* Utang kudu disaur
piutang utang piutang. – **budi** kapotangan budi. – **nyawa** kapotangan nyawa
mengutangi *v* ngutangi. *Pak Bandot sering ~ orang dengan bunga.* Pak Bandot kerep ngutangi uwong nganggo anakan
utangan *n* utangan

utara I *n* lor. *Dia datang dari arah –.* Dhèwèké teka saka arah lor
mengutara *v* ngalor. *Anginnya berembus –.* Anginé sumribit ngalor

utara II , mengutarakan *v* medharaké, ngetokaké, nyorahaké, mblakakaké, mbuka, ngandharaké, njugaraké. *Mas Priyo belum berani ~ kemauannya.* Mas Priyo durung wani ngandharaké kekarepané

utuh *adj* wutuh. *Semangkanya sudah tidak –.* Semangkané wis ora wutuh
seutuhnya *adv* sawutuhé

W

wadah *n* wadhah
mewadahi *v* madhahi, nadhahi. *Ibu ~ kue-kue ke dalam toples.* Ibu madhahi kuwé-kuwé ing njero toplès
mewadahkan *v* madhahké. *Ibu ~ makanan untuk bekalku.* Ibu madhahké panganan kanggo sanguku

wadam *n* wandu, banci

wafat *v* mati, séda. *Kakekku sudah –.* Simbah kakungku wis séda.

wajah *n* rai, rupa. *–nya bersinar cerah.* Rupané sumringah

wajar *adj* lumrah, murwat, biasa, umum
sewajarnya *adv* salumrahé, samesthiné, samurwaté. *Sudah ~ anak berbakti pada orang tuanya.* Wis salumrahé anak bekti karo wong tuwané

wajib *v* wajib, kudu. *Setiap Senin murid-murid – mengikuti upacara.* Saben Senin murid-murid kudu mèlu upacara
berwajib *v* awajib, kawogan, kajibah
mewajibkan *v* majibaké, ngudokaké
kewajiban *n* kuwajiban

waktu *n* wektu, mangsa, wayah. *Kakak perempuanku banyak pekerjaan hingga tidak punya – luang.* Mbakyuku akèh gawéané nganti ora duwé wektu lodhang
sewaktu *n* nalika, ing wektu, rikala, ing wayah. *~ kecil aku ikut nenek.* Nalika cilik aku mèlu simbah
sewaktu-waktu *adv* sawektu-wektu, samangsa-mangsa, sawayah-wayah. *~ harga-harga bisa berubah.* Samangsa-mangsa reregan bisa malih

waria *adj* wandu, banci

was-was *adj* sumelang, kuwatir, samar. *Tidak perlu – meninggalkan rumah karena sudah ada satpam.* Ora prelu sumelang ninggalaké omah amarga wis ana satpam

watak *n* watak, sipat, budi
berwatak *v* awatak, asipat, abudi
mewataki *v* mataki, nyipati, mbudèni

watas *n* wates. *Jalan itu harus diberi –.* Dalan iku kudu diwènèhi wates
mewatasi *v* matesi

wilayah *n* wewengkon, laladan, kukuban, tlatah. *Pekerjaannya termasuk dalam – Jawa Tengah.* Penggawéané klebu ing wewengkon Jawa Tengah
– administratif wilayah administratif. **– kerja** wilayah kerja
sewilayah *n* satlatah, sawewengkon, salaladan, sajajahan, sagegebengan, sakukuban. *Lomba penulisan cerpen diikuti guru ~ Jawa Tengah.* Lomba nulis cerkak dipèloni guru satlatah Jawa Tengah

wujud *n* **1** ujud, wujud, rupa. *–nya tidak sama dengan fotonya.* Rupané ora padha karo potoné. **2** niyat, tujuan, ujub, karep. **3** blegering kaanan, mawa bleger, wangun utawa sing katon

mewujudkan *v* **1** mujudaké. *Aku ingin sekali ~ impian orang tua.* Aku pingin banget mujudaké pepènginané wong tuwa. **2** nggayuh, njangka, nindakaké, nyatakaké. **3** ngetokaké, ngatonaké, meruhaké, mamèraké

terwujud *v* kalakon, lumaku, kalaksanan, kasembadan, katurutan, kagayuh. *Semoga keinginanmu ~.* Muga-muga kekarepanmu kalakon

Y

ya *p* ya, iya, bener, pancén

yaitu *p* yaiku, yakuwi

yakin *adj* **1** yakin, pracaya, ngandel. *Aku – dengan janjinya.* Aku ngandel karo janjiné, **2** tenan, temen, temenan
keyakinan *n* kapracayan, pangandel, iman, kapitayan

yakni *p* yaiku, yakuwi

yang *p* kang, sing

yasan *n* yasan

yasmin *n* yasmin

yatim *adj* lola bapa, yatim
– **piatu** lola. *Karena musibah tsunami itu, Sri menjadi –.* Amarga musibah tsunami kuwi, Sri dadi lola

yayasan *n* yayasan

yayu *n* bakyu, bakayu, yu

yel *n* yèl

yen *n* yèn (tumrap dhuwit Jepang)

yodium *n* yodium

yoga *n*, **beryoga** *v* yoga, semèdhi

yoghurt *n* yoghurt

yogi *n* pandhita

yogia *adj* apik, pantes, becik, patut, cocog, layak, mèmper, murwat, wangun
seyogianya *adv* apiké, patuté, cocogé, layaké, mèmperé, murwaté, wanguné

yolk *n* yolk

yos *n* yos

yosong *n* ginsèng

yoyo *n* yoyo

yu I *n* bakyu, bakayu

yu II *n* hiyu

yuda *n* perang

yudaisme *n* ajaran Yahudi

yudikatif *adj* yudikatif

yudisial *adj* yudisial

yudisium *n* yudisium

yudo *n* yudo, judo

yuk *p* yuk, ayo

yunani *n* Yunani

yunda *n* bakyu, bakayu, yu

yunior *adj* nom, timur, yunior

yunta *n* pamaréntah
– **militer** pamaréntah sing dikuwasani tentara

yupiter *n* planèt yupiter

yuri *n* juri

yuris *n* yuris, sarjana ukum

yustisi *n* yustisi, pangadilan

yute *n* yuté, goni, rami

yuvenil *adj* nom, timur, nom-noman

yuwana 1 *adj* nom, timur, nom-noman, **2** *n* bocah-bocah, putra

yuwaraja *n* yuwaraja, pangéran pati

yuyitsu *n* yuyits

yuyu *n* yuyu

Z

z *n* z (aksara kaping 26 carakan Indhonèsia)

zaitun *n* zaitun, jaitun

zakar *Ar n* palanangan, dakar, peli, purus

zakat *n* zakat, jakat, jekat
– **fitrah** jakat pitrah. – **mal** jakat mal, jakat bandha. – **profesi** jakat propèsi

zakiah *Ar adj* suci, murni, resik

zalim *adj* kejem, lalim, ambeg daksiya, mentalan, tegel. Raja Firaun disebut raja yang zalim Raja Firaun kasebut raja sing kejem
menzalimi, menzalimkan *v* nindhes, mleter, sawenang-wenang

zaman *n* **1** jaman, mangsa. – *modern anak-anak kecil sudah tahu internet.* Jaman modhèrn bocah-bocah cilik wis ngerti internèt, **2** wektu, kala
akhir – kiamat
ketinggalan ~ ketinggalan jaman
–dahulu, – tandun, – baheula jaman mbiyèn, jaman ndhisik, jaman kuna

zamrud *n* zamrud, jumerut, sesotya ijo

zamzam *n* zamzam, jamjam

zarah *n* zarah, jarah
menzarah *v* remuk, ajur mumur
sezarah *adj* sethithik

zat *Ar n* dat, wujud

zebra *n* zébra, jébra

zebu *n* sapi benggala

zeni *n* zeni

zenit *n* zenit

zero *n* nol, kothong

ziarah *n*, **berziarah, menziarahi** *v* jiarah, nyekar. *Rombongan pengajian ~ ke makam Sunan Kudus.* Rombongan pangajian jiarah ing makam Sunan Kudus
peziarah, penziarah *n* pejiarah

zigzag *adj* ménggak-ménggok. *Motor itu berjalan –.* Motor iku mlakuné ménggak-ménggok

zikir *n* dhikir, wacan donga
– **amali** dhikir amali. – **kalbu** dhikir kalbu
berzikir *v* ndhikir

zimosis *n* zimosis (lelara nular kang disebabaké déning jamur)

zina, berzina *v* zina, jina.

zodiak *n* zodiak (buwengan ing cakrawala kang dipara rolas palintangan)

zona *n* dhaérah, tlatah.

zoofobia *n* zoofobia (wedi klawan kéwan)

zoogani *n* zoogani, nangkaraké kéwan

zoologi *n* zoologi, kawruh ngenani kéwan

zoonosis *n* zoonosis, penyakit kéwan kang bisa nular tumrap menungsa

zuhud *Ar n* tapa, mertapa.

zuhur *Ar n* luhur, wektu salat luhur

zulfikar *n* zulfikar

Zulhijah *n* Besar (sasi ing penanggalan Muharam utawa Jawa)

Zulkaidah *n* dulkaidah, dulkangidah (sasi ing penanggalan Muharam utawa Jawa)

Lampiran

A. Nama Anak Hewan

anak angsa blengur
anak anjing kirik [kirɪ̍]
anak ayam kuthuk [kuṭʊ̍]
anak babi gembluk [gəmblʊ̍]
anak babi hutan genjik [gəñjɪ̍]; jagar
anak bandeng nener [nɛnɛr]
anak banteng wareng [warəŋ]
anak belut udhet [uḍɛt]
anak brati tongko [tɔŋkɔ]
anak buaya krete
anak bulus kethul [kəṭʊl]
anak burung pipit indhil [inḍɪl]
anak burung gagak engkah [əŋkah]
anak burung merak uncung [uñcUŋ]
anak burung merpati piyik [piyɪ̍]
anak cacing lur [lʊr]
anak capung senggutru [səŋgutru]
anak cicak sawiyah
anak gajah bledug [blədUg]
anak gangsir tlondho [tlɔnḍo]
anak harimau gogor [gɔgɔr]
anak ikan beyongan [beyɔŋan]; kocolan [kɔcɔlan]
anak ikan gabus kotesan [kɔtɛsan]
anak ikan lele jabrisan; lendhi [lənḍi]
anak itik meri [məri]
anak jangkrik gendholo [gənḍolo]
anak kadal tobil [tobɪl]
anak kambing cempe [cɛmpe]
anak kancil kenthi [kənṭi]

anak katak precil [prədɪl]; cebong [cebɔŋ]
anak kelelawar kampret [kamprɛt]
anak kepiting beyes [bɛyɛs]
anak kera kenyung [kəñUŋ]; munyuk [muñU']
anak kerbau gudel [gudɛl]
anak kijang kompreng [kompræŋ]
anak kucing cemeng [cəmɛŋ]
anak kuda belo [bəlo]
anak kutu kor [kɔr]
anak lalat set [sɛt]
anak lebah gana [gɔnɔ]
anak lintah pacet [pacət]
anak lutung kowe
anak menthog emdel [əmdəl]
anak nyamuk uget-uget [ugət-ugət]
anak sapi pedhet [pəḍɛt]
anak semut merah kroto
anak singa dibal
anak tikus cindhil [cinḍɪl]
anak udang grago
anak ular kisi

B. Nama Anak Manusia

anak satu, laki laki ontang anting [ontaŋantɪŋ]
anak dua, laki laki semua uger-uger lawang [ugər-ugər lawaŋ]
anak tiga, laki laki semua cukit-dulit [cukɪtdulɪt]
anak laki laki empat saramba [sɔrɔmbɔ]
anak laki laki lima pandhawa [panḍɔwɔ]
anak perempuan satu unting-unting [untɪŋuntɪŋ]
anak perempuan dua kembang sepasang [kəmbaŋ səpasaŋ]
anak perempuan tiga gotong mayit [gɔtɔŋ mayɪt]
anak perempuan empat sarimpi
anak perempuan lima pancagati [pɔñcɔgati]
anak dua, laki laki dan perempuan kedhana-kedhini [kəḍɔnɔ-kəḍini]
anak dua, perempuan laki laki kedhini-kedhana [kəḍini-kəḍɔnɔ]
anak tiga, laki laki dua, perempuan satu di tengah-tengah sendang kaapit pancuran [səndaŋ ka'apɪt pañcuran]

anak tiga, perempuan dua, laki laki satu di tengah-tengah pancuran kaapit sendang [pañcuran kaʔapIt səndaŋ]
anak empat, laki laki dua perempuan dua keblat papat [kəblat papat]
anak lima, laki laki tiga perempuan dua sapasar
anak lima, perempuan empat laki laki satu ipil-ipil [ipIl ipIl]
anak lima, laki-laki empat perempuan satu padhangan
anak enam, terakhir perempuan pandhawa nyandhangi [panḍɔwɔ ñanḍaŋi]
anak kembar dua kembar [kəmbar]
anak kembar, laki laki dan perempuan dhampit [ḍampIt]
anak banyak, laki laki dan perempuan bergantian gilir kacang [gilIr kacaŋ]
anak banyak, laki laki dan perempuan acak lumpat kidang
anak banyak, terakhir laki laki atau perempuan grandhel [granḍɛl]
anak banyak, yang tengah perempuan gendhong [genḍɔŋ]
anak banyak, yang tengah laki laki pathok [paṭɔʔ]
anak kebanyakan laki laki sumarak [sumaraʔ]
anak banyak, yang hidup tinggal satu anggana [aŋgɔnɔ]
anak nomer satu pambarep [pambarəp]
anak nomer dua panggulu
anak nomer tiga pandhadha [panḍɔḍɔ]
anak nomer dua dari terakhir, kakak bungsu sumendhi [sumənḍi]
anak terakhir wuragil lan waruju [wuragIl lan waruju]

C. Nama Biji

biji asem klungsu
biji cipir botor [bɔtɔr]
biji durian pongge
biji jambe jebug [jəbUg]
biji kapas wuku
biji kelapa kenthos [kənṭɔs]
biji kluwak pucung [pucUŋ]
biji kluwih bethem [bəṭəm]
biji mangga pelok [pəlɔʔ]
biji melinjo klatak [klaṭaʔ]
biji nangka beton [bətɔn]
biji pepaya trempos [trempɔs]
biji randu klentheng [klənṭəŋ]
biji salak kenthos [kənṭɔs]

biji sawo kecik [kəcɪʔ]
biji semangka kwaci

D. Nama Buah

buah aren kolang-kaling [kolaŋ-kalIŋ]
buah bengkowang besusu [bəsusu]
buah cengkeh polong [pɔlɔŋ]
buah gembili katak [kataʔ]
buah jambe jebug [jəbUg]
buah jati janggleng [jaŋgləŋ]
buah kanthil gandhek [gaɳdɛʔ]
buah nangka babal
buah pucung kluwak [kluwaʔ]
buah so mlinjo
buah tal siwalan
buah uwi katak [kataʔ]

E. Nama Bunga

bunga aren dangu
bunga bambu krosak [krosaʔ]
bunga belimbing maya [mɔyɔ]
bunga blutru montro [mɔntrɔ]
bunga cabai menik [mənɪʔ]
bunga cengkeh polong [pɔlɔŋ]
bunga cubung torong [tɔrɔŋ]
bunga dadap celung [cəlUŋ]
bunga durian dlongop [dlɔŋɔp]
bunga garut gremeng [grəməŋ]
bunga gembili seneng [sənəŋ]
bunga jagung sinuwun [sinuwUn]
bunga jambe mayang
bunga jambu karuk [karUʔ]
bunga jarak juwis [juwIs]
bunga jati janggleng [jaŋgləŋ]
bunga jengkol kecuwis [kəcuwIs]

bunga kacang besengut [bəsəŋut]; bundel [bunḍəl]
bunga kanthil gading [gadIŋ]
bunga kapas kadi
bunga kara kepek [kɛpɛˀ]
bunga kecipir cethethet [cəṭəṭət]
bunga kelapa mangga [mɔŋgɔ]
bunga kelor limaran
bunga kencur sedhet [səḍət]
bunga kimpul pancal [pañcal]
bunga kluwih onthel [onṭɛl]
bunga kopi blanggreng [blaŋgrɛŋ]
bunga krokot na ik [naˀnIˀ]
bunga lamtara jedhidhig [ᴮjəḍiḍIg]
bunga melinjo uceng [ucəŋ]; kroto
bunga mentimun montro [mɔntrɔ]
bunga nangka angkup [aŋkUp]
bunga pace nyreweteh [ñrəwɛtɛh]
bunga pandan pudhak [puḍaˀ]
bunga petai cina jedhidhig [ᴮjəḍiḍIg]
bunga petai pendul [pəndUl]
bunga pisang tuntut [tuntUt]; onthong [ɔnṭɔŋ]
bunga randu karuk [karUˀ]
bunga salak ketheker [kəṭəkər]
bunga singkong ingklik [iŋklIˀ]
bunga sirih drenges [drɛŋɛs]
bunga tales pancal
bunga garut puspanyidra [puspɔñidrɔ]
bunga tebu gleges [gləgəs]
bunga ubi ingklik [iŋklIˀ]
bunga widara putih rejasa [rəjɔsɔ]

F. Nama Daun

daun aren dliring [dlirIŋ]
daun asem sinom [sinɔm]
daun bambu elarmanyura [elarmañurɔ]
daun benalu kumuda [kumudɔ]
daun cabai sabrang

daun cocor bebek tiba urip [tibɔ urIp]
daun dadap tawa [tɔwɔ]
daun jambe procot [prɔcɔt]; dedel [dədəl]
daun jarak bledheg [blədɛg]
daun jati jompong [jɔmpɔŋ]
daun kacang tanah rendeng [rəndəŋ]
daun kecipir cethethet [cəṭəṭət]
daun kelapa blarak [blara?]
daun kelapa muda janur [janUr]
daun kelor limaran
daun kluwih kleyang [klɛyaŋ]
daun lanjaran lembayung [ləmbayUŋ]
daun lempuyang lirih [lirIh]
daun melinjo so
daun daun damen [damɛn]
daun padi damen [damɛn]
daun palem kajang
daun pepaya gampleng [gampləŋ]
daun pisang kering klaras
daun pisang ujungan
daun randu baladewa [bɔlɔdewɔ]
daun siwalan lontar
daun tales lumbu
daun tebu kering rapak [rapa?]
daun turi pethuk [pəṭU?]
daun ubi jlegor [jlegɔr]
daun waluh lomah-lameh [lomah-lamɛh]
daun widara putih trawas
daun wuni mojar

G. Nama Istana

Istana Belgeduwel Buluketiga [bulukətigɔ]
Istana Drupada Cempala [cɛmpɔlɔ]
Istana Kresna Dwarawati [dwɔrɔwati]
Istana Subali dan Sugriwa Guwa Kiskendha [guwɔ kiskeṇḍɔ]
Istana Niwatakawaca Iman Imantaka [iman imantɔkɔ]
Istana Mintaraga Indrakila [indrɔkilɔ]

Istana Werkudara Jodhipati
Istana Semar, Gareng, dan **Petruk** Karangkedhempel [karaŋkəḍəmpəl]
Istana Semar Klampisireng [klampIsirəŋ]
Istana Arjuna Sasrabahu Maespati [maespati]
Istana Niwatakawaca dan **Pracona** Malimantaka [malimantɔkɔ]
Istana Salya Mandraka [mandrɔkɔ]
Istana Baladewa dan **Basudewa** Mandura [manduraɔ]
Istana Dasamuka Ngalengka [ŋaləŋkɔ]
Istana Puntadewa Ngamarta [ŋamartɔ]
Istana Destarata, Pandhu Dewanata, dan **Suyudana** Ngastina [ŋastinɔ]
Istana Karna Ngawangga [ŋawɔŋgɔ]
Istana Destarata/Dasarata Ngayodya [ŋayodyɔ]
Istana Ramawijaya Pancawati [pɔñcɔwati]
Istana Pandhupragola Paranggumawang
Istana Drupada Parcalaradya [parcɔlɔradyɔ]
Istana Palgunadi Paranggelung [paraŋgəlUŋ]
Istana Bima Talkandha [tɔlkɔnḍɔ]
Istana Bomanarakasura Trajutrisna [trajutrIsnɔ]
Istana Dewasrani Tunggulmalaya [tuŋgUlmalɔyɔ]
Istana Maswapati Wiratha [wirɔtɔ]

H. Nama Kandang

kandang burung pagupon [pagupɔn]
kandang ayam; itik kombong [kɔmbɔŋ]; petarangan [pətaraŋan]
kandang kuda gedhogan [gəḍɔgan]
kandang harimau krangkeng [kraGkEG]
kandang lebah glodhogan [glɔḍɔgan]; tawon [tawɔn]
kandang burung gowok [gɔwɔ?]; susuh [susUh] *Pc*
kandang sapi; kerbau kandhang
kandang burung dara pagupon [pagupɔn]
kandang semut; rayap leng [lɛŋ]

I. Nama Kasatriyan

Kasatriyan Kumbayana Atasangin [ataSaŋIn]
Kasatriyan Jayadrata Banakeling [bonɔkəlIŋ]

Kasatriyan Dursasana Banjarjungut [bañjarjuŋUt]
Kasatriyan Kartamarma Banyutinalang [bañutinalaŋ]
Kasatriyan Indrajit Bikungkung [bikuŋkUŋ]
Kasatriyan Nakula Bumi Retawu [bumi rətawu]
Kasatriyan Citraksi Carangglagah [caraŋglagah]
Kasatriyan Destarata Cempalareja [cəmpɔlɔrəjɔ]
Kasatriyan Citraksa Cindhekembang [cinḍekəmbaŋ]
Kasatriyan Antareja Jangkarbumi [jaŋkarbumi]
Kasatriyan Werkudara Jodhipati [jɔḍipati]
Kasatriyan Wisanggeni Argadahana [argɔdahɔnɔ]
Kasatriyan Anoman Kendhalisada [kənḍalisɔdɔ]
Kasatriyan Setiyaki Lesanpura [lesanpurɔ]
Kasatriyan Arjuna Madukara [madukɔrɔ]
Kasatriyan Burisrawa Madyapura [mɔdyɔpurɔ]
Kasatriyan Adhipati Karna Ngawangga [ŋawɔŋgɔ]
Kasatriyan Aswatama Pandhayangan [panḍayaŋan]
Kasatriyan Kumbakarna Pangleburgangsa [paŋləbUrgɔŋsɔ]
Kasatriyan Samba Paranggarudha [paraŋgaruḍɔ]
Kasatriyan Abimanyu Plangkawati [plɔŋkɔwati]
Kasatriyan Sengkuni Plasajenar [plɔsɔjənar]
Kasatriyan Gathutkaca Pringgadani [priŋgɔdani]
Kasatriyan Lesmana Mandrakumara Saroja Binangun [sarojɔ binaŋUn]
Kasatriyan Sadewa Sawojajar
Kasatriyan Aswatama Sokalima [sokɔlimɔ]
Kasatriyan Rukmarata Tanjunganom [tañjUŋanɔm]
Kasatriyan Irawan Yasarata [yɔsɔrɔtɔ]

K. Nama Pertapaan

Pertapaan Palasara Retawu [rətawu]
Pertapaan Abiyasa Saptaarga [saptɔargɔ]
Pertapaan Durna Sokalima [sokɔlimɔ]

L. Nama Pohon

pohon aren ruyung [ruyUŋ]
pohon bambu muda bung [bUŋ]

pohon bambu tua bungkilan
pohon jagung tebon [təbɔn]
pohon jambe pucang
pohon jati muda jangglêngan [jaŋgləŋan]
pohon kacang tanah rendeng [rəndəŋ]
pohon kapuk randhu
pohon kelapa glugu
pohon kolang-kaling aren [arɛn]
pohon melinjo so
pohon padi damen [damɛn]
pohon pisang debog [dəbɔg]
pohon singkong bonggol [bɔŋgɔl]
pohon siwalan tal

M. Nama Senjata

senjata Salya Candrabirawa [cɔndrɔbirɔwɔ]
senjata Kumbakarna Gedhongmenga [gəḍɔŋməŋɔ]
senjata Karna Kalalupa [kɔlɔlupɔ]
senjata Puntadewa Kalimasada [kalimɔsɔdɔ]
senjata Gathutkaca Narantaka [narɔntɔkɔ]
senjata Dasamuka dan **Subali** Pancasona [pɔñcɔsonɔ]
senjata Janaka Sepiangin [səpiaŋIn]
senjata Kresna Wijayakusuma [wijɔyɔkusumɔ]
senjata Gathutkaca caping Basunandha [capIŋ basunɔnḍɔ]; kotang Antakusuma [kotaŋ ɔntɔkusumɔ]
senjata Baladewa gada Alugara [gɔdɔ alugɔrɔ]; gada Nanggala [gɔdɔ naŋgɔlɔ]; senjata Kunta [səñjɔtɔ kuntɔ]
senjata Werkudara gada Lukitasari [gɔdɔ lukitɔsari]; gada Rujak Polo [gɔdɔ ruja? pɔlɔ]; kuku Pancanaka [kuku pɔñcɔnɔkɔ]
senjata Jayadrata gada Rujakbeling [gɔdɔ ruja?bəliŋ]
senjata Karna keris Kaladite [kərIs kɔlɔdite]; panah Wijayandanu [panah wijɔyɔndanu]; senjata Kunta [səñjɔtɔ kuntɔ]
senjata Janaka keris Kalanadhah [kərIs kɔlɔnaḍah]; keris Pulanggeni [kərIs pulaŋgəni]; panah Ardhadhedhali [panah arḍɔḍəḍali]; panah Pasopati [panah pasɔpati]; panah Sarotama [panah sarotɔmɔ]
senjata Ramawijaya panah Guwawijaya [panah guwɔwijɔyɔ]
senjata Dasamuka senjata Candrasa [səñjɔtɔ cɔndrɔsɔ]

senjata Indrajit senjata Nagapasa [sənj̃ɔtɔ nɔgɔpɔsɔ]; senjata Wimahanastra [sənj̃ɔtɔ wimɔhɔnastrɔ]
senjata Puntadewa songsong Tunggulnaga [sɔŋsɔŋ tuŋgUlnɔgɔ]

N. Nama Wayang

Abimanyu Abimanyu
Antareja Antareja [ɔntɔrəjɔ]
Arjuna Arjuna [arjunɔ]
Arjuna Sasrabahu Arjuna Sasrabahu [arjunɔ sosrɔbau]
Aswatama Aswatama [aswɔtɔmɔ]
Baladewa Baladewa [bɔlɔdewɔ]
Basudewa Basudewa [basudewɔ]
Begawan Abiyasa Begawan Abiyasa [bəgawan abiyɔsɔ]
Begawan Mintaraga Begawan Mintaraga [bəgawan mintɔrɔgɔ]
Belgeduwel Belgeduwel [belgəduwel]
Bomanarakasura Bomanarakasura [bomɔnɔrɔkɔsurɔ]
Burisrawa Burisrawa [burisrɔwɔ]
Citraksa Citraksa [citraksɔ]
Citraksi Citraksi
Dasamuka Dasamuka [dɔsɔmukɔ]
Dasarata Dasarata [dɔsɔrɔtɔ]
Dewasrani Dewasrani [dɛwasrani]
Drupada Drupada [drupɔdɔ]
Dursasana Dursasana [dUrsasɔnɔ]
Gareng Gareng [garɛŋ]
Gathutkaca Gathutkaca [gaṭUtkɔcɔ]
Indrajit Indrajit [indrajIt]
Irawan Irawan
Jayadrata Jayadrata [jɔyɔdrɔtɔ]
Karna Karna [karnɔ]
Kartamarma Kartamarma [kartɔmarmɔ]
Kresna Kresna [kresnɔ]
Kumbakarna Kumbakarna [kumbɔkarnɔ]
Kumbayana Kumbayana [kumbɔyɔnɔ]
Lesmana Mandrakumara Lesmana Mandrakumara [ləsmɔnɔ mɔndrɔkumɔrɔ]
Maswopati Maswopati [maswɔpati]
Nakula Nakula [nakulɔ]

Niwatakawaca Niwatakawaca [niwɔtɔkɔwɔcɔ]
Palgunadi Palgunadi
Pandhita Durna Pandhita Durna [panḍitɔ dUrnɔ]
Pandhu Dewanata Pandhu Dewanata [panḍu Dewɔnɔtɔ]
Pandhupragola Pandhupragola [panḍupragolɔ]
Petruk Petruk [pɛtrU']
Pracona Pracona [praconɔ]
Puntadewa Puntadewa [puntɔdewɔ]
Ramawijaya Ramawijaya [rɔmɔwijɔyɔ]
Resi Bima Resi Bima [rəsi bimɔ]
Resi Palasara Resi Palasara [rəsi pɔlɔsɔrɔ]
Rukmarata Rukmarata [rukmɔrɔtɔ]
Sadewa Sadewa [sadewɔ]
Salya Salya [salyɔ]
Samba Samba
Semar Semar [səmar]
Sengkuni Sengkuni [səŋkuni]
Setiyaki Setiyaki [sətiyaki]
Subali Subali
Sugriwa Sugriwa [sugriwɔ]
Suyudana Suyudana [suyudɔnɔ]
Werkudara Werkudara [wərkudɔrɔ]

ISBN 978-602-7664-69-2